


RUBHABHATIDZO RWEMUMVURA

 Hongu...Zvakanaka, zvino, pfungwa yedu—yedu ndeyekuti mangwanani ano kuti, hatidi ku—kutora nguva yenyu yakawanda, asi kuti ndine...uye ndiri kuenda kunova nekunzvera kushoma, uye zvadaro ndichange ndagadzirira nenguva isipi kuti...Ndinofanira kuenda kunova nekusvuvura nevamwe vanhu nhasi, uye ndafunga kuti zvinhu zvizhinji zvisati zvaungana...Pane mushumiri wechidzimai ari kubva kumusoro achiuya muno, hanzvadzi yeHama Jack Moore, kuti vanoda kutaura neni pamusoro pevaparidzi vechidzimai. Uye ndinoziva kuti vari kuzosvika muno nhasi, saka ndafunga kuti ndichatanga kuuya kuno.

² Uye ini...chinhu chekutanga chandinoda kuti imi mose muzive (Iyi iri kurekodhwa ndizvo here, Leo?), pane chinhu chekutanga chandinoda kuti imi mose muzive, muri kuona... Uye ndiHanzvadzi Gibson neHanzvadzi Sewell neHanzvadzi Simpson. Maona? Muvhunzo wakavhunzwa kwandiri pamusoro perubhabhatidzo rwemumvura, uye ini...munoda kuziva nezvazvo. Ndi—ndinoda kuti imi mose mugoziva kutanga, kuti ndine...chinangwa changu hachisi chekuedza kuratidzira, sekunge waiva mumwe nyanjere kana kuti unoziva zvakanaka kupfuura mumwe munhu. Chinangwa changu ndechekuedza kutsanangura, neruzivo rwangu rwakakwanisisa kubudikidza neMagwaro, kuti zvakanaka nezvakaipa ndezvipi. Uye chakagara chiri chinangwa changu kusarerutsa zvachose pane chipi zvacho icho chakanyorwa naMwari, uye kwete kutaura kuti chakanaka nekuti mumwewo munhu anoti chakanaka. Asi zvinofanira kuva sokudaro.

³ Zvino, zvinogona kuva izvi, kuti munguva inotevera kana ukazoteerera tepi iyi yatiri kutaura pairi, zvingave zvakanaka kana ndikakuudzai kuti nechikonzero chei. (Muri kundinza zvakanaka kwazvo here?) Chi...

⁴ Ndinofunga kuti Baba vedu veKudenga vane vanhu vakagadzirwa nedzimwewo nzira kuitira kuti zviVashandire pachaVo. Sezvatinongoitawo zvinhu nedzimwewo nzira, dzakasiyana panguva yega-yega, nekuti tine chinangwa chekuzviita.

⁵ Imwe nguva yapfuura ndakanga ndakagara mu—mudunhu reKentucky ndichitaura nedzimwe hama dzangu, uye... Pandinoenda kumba uye ndova nekanguva kadiki kekuzorora kubva kumisangano, panowanza kuve nemapoka akakura anenge achiungana. Muri kuona? Uye zvadaro ndinotanga kuhuta-huta kwazvo, shure kweusiku hwise, munoono, hauwane zororo zvachose; vanongouya masikati neusiku; ndinotanga kunzwa kuhuta-huta zvakananyanya. Zvadaro zvimwe

ndinotora chirauro ndoenda kunoraura, kana kuti kana uri mwaka wekuvhima, ndinotora pfuti yangu ndoenda kunovhima.

⁶ Zvakanaka, pfuti ndedzimwe dzezvinhu zvandinofarira kutamba nazvo; kupfura zvipfuro. Hama Gene, pano, neni, vakatotanga kuisa unga munyere nemaoko zvino, uye tiri... tinongofarira kuzviita.

⁷ Uye zvadaro ndanga ndiine diki, yavanoti Model 75, pfuti ye Winchester .22; saka, ndiyo yandinovhima tsindi nayo. Zvakanaka, ndi—ndinovhima tsindi iri pamayadhi makumi mashanu. Uye pamayadhi makumi mashanu... Ndinoramba ndichitamba nepfuti iyi duku kusvika ndava kurova nayo chipikiri chine musoro wakapamhamha chiri pamayadhi makumi mashanu. Uye rimwe zuva ndakaisa mabara mapfumbamwe muburi rimwe chete (Ndizvo here, Hama Gene?) pamayadhi makumi mashanu, nepfuti ye .22. Zvino, zvakanaka, kamwe-kamwe yakatanga kupotsa.

⁸ Zvino, kazhinji kana tsindi yakatarisa kwandiri, handiipfure. Kana yakapira musana wayo kwandiri, handiipfure. Inofanira kunge yakagara zvekuti ndinokwanisa kuona ziso rayo. Uye kana zvikaatika kuti ndairova pazasi peziso, kana kuti pamusoro peziso, ndinoziva kuti pane chinenge chakatsveyama nepfuti yangu, munoona. Saka ndinongo... Handiedze kuzvinyepera, uye ndinongo... Uye handitore tsindi dzakawanda kupfuura dzandinotenderwa nemutemo kuti nditore (Maona?), nokuti izvozvo zvakanaka; ndiri munhu anochengetedza.

⁹ Asi ndinongo...ndikawana imwe uye iri kure kwazvo, ndinongoisiya yakadaro. Uye kana iyi iri pedyo zvakananyisa neni, ndinodzoka kumashure kusvika ndave pamayadhi makumi mashanu. Uye ndinoitarisa ichienda kunze uko yonotora nzungu yemumuti wemuhickory uye yodzoka, inenge yakandarisa, ndinongoirega yakadaro. Nguva inotevera painotora imwe zvichida maminiti gumi anotevera, shure kwekunge yatsemura iyoyo, inoenda yonotora imwe, zvichida ine musana wayo wakafuratira; handaimboipfura yakadaro. Saka, zvino kana ikaenda, zvakanaka, ndinongoisiya ichienda; ndinozvivhimira imwe (Maona?), nokuti ndinongo—ndinongodziwana.

¹⁰ Uye ndinodzida. Ndidzo nyama yakanakisa kwazvo iri munyika; hapana chingaenzaniswa netsindi pfumbu, kunyanya apo painenge ichidimura nzungu dzemumuti wemubeech, kana wemuhickory, kana chimwe chinhu chakada kudaro.

¹¹ Saka pfuti yangu yakange yopotsa. Zvino, pfuti chinhu chinoshamisa kutamba nacho. Nde—ndechimwe chinhu chekuti chinobvisa kusagadzikana kubva mutsinga dzangu nezvimwewo. Zvino, vamwe vanhu havaite hany'a kwazviri.

¹² Uye ndinotenda hama yedu ine nyasha Oral Roberts, ndinofunga vanotamba gorofu, uye ndizvo zvinoitwawo nehama yedu Billy Graham. Vanotamba gorofu. Izvozo zvinobva zvapinda mutsinga dzangu, kunze uko nemadzimai anenge asina kupfeka zvakakwana nezvimwewo, ikoko. Handaigona kuwirirana nezvakadaro, inyaya yacho. . . Asi zvino, zvimwe, idzo hama. . . Handirevi kuti vanoenda kunze uko nekuda kwechinangwa ichocho, munoona. Kwete, nokuti ivo va—ivo va—ivo varume vakanaka, ivo ihama dzeChikristu. Asi kungobuda kunova kunze uko, handaigona kuwirirana nezvakadaro, munoona. Zvina- . . .

¹³ Uye kutamba gorofu, ndi—ndi. . . zvinoratidzika kwandiri sekunge nde—ndezevakadzi, kana chimwewo, muri kuona. Kurova bhora nechimuti uye womhanya kunze uko. Zvino, idzo hama dzinogona kufunga zvimwe chete: “kugara hako, wotamba nepfuti yekare.” Zvakanaka, munoziva takagadzirwa zvakasiyana.

¹⁴ Zvino saka pfuti iyi, kakungogwina zvishoma kwenzira ipi zvako, kunoiita kuti ipotse. Unogona kunge uchipfura uye uchipfura chipikiri nayo, uye woisa munwe wako pamupongoro, zvino—zvinongokanganisa kupfura kwako, munoona. Ndizvo zvaino. . . ndiko kunanga kwainofanira kuita. Haugone kuputira ruoko rwako pamubato weruoko wemberi; woiisa yakarurama muruoko rwako.

Uye zvararo iwe woti, “Izvi zvose zvinei nechekuita nezvatiri kukuvhunzai?” Asi ndiri kuedza kukusvitsai pane chimwe chinhu kutanga, kuva nenhangaruvanze.

¹⁵ Zvino, rimwe zuva yakatanga kupotsa, uye ndainge ndaita zvose zvandaiziva kuita kuti ndiite kuti. . . kuiita kuti ishanda zvakanaka zvekare. Ndakaedza kuigadziridza zvekare paya pamutanda wepfuti panogara mupongoro. Ndakaedza kunyatsoisunga, kuisunungura, nezvimwe zvose.

¹⁶ Zvino .22 haugone kuiisa unga mumbumburu nemaoko, nokuti zvinoitungidza zviri munyere uye unofanira kutora mbumburu dzakagadzirwa kufekitari. Zvino, paya patinogadzira idzo dzine nye—nyere dzakakura, paya patinogona kubvisa chinotungidza uye totora chinodzoreredza makuriro aro nezvimwe zvakadaro, zvakanaka, tino—tinogona kuisa izvozo uye toramba tichichinja unga, nemagiramu, nehuremu hwembumburu, kusvikira taiita kuti isvike painozopfura zvainopfura, kana kuti zvararo tinoenda panogarwa nemupongoro pamutanda wepfuti nezvimwe zvakadaro. Naizvozo hataikwanisa kuzviita pane iyoyo. Asi ndakati, “Zvakanaka, zvichida ndavhiringidza panogarwa nemupongoro pamutanda wepfuti. Ndichaidzoserera kuKambani yeWinchester.”

¹⁷ Ndakaidzosera kuKambani yeWinchester, uye ndokubva vandinyorera tsamba, iyo yandiri kuchengeta kungoitira ku—kurangarirwa kwayo. Ivo vakati, “Mufundisi Branham, Model 70 Winchester iyi haina kugadzirirwa kuva pfuti yekupfura zvipfuro.” Munoono. Vakati, “Inoita kuti mbumburu dzinge dzakaungana mudenderedzwa riri inji. . . gungano rembumburu nomwe, inoita kuti dziungane mudenderedzwa riri inji pamayadi makumi maviri nemashanu.” Uye vakati, “Haufe wakaiita kuti ive zviri nani kudarika izvozvo, nokuti izvozvo zvakatokwana pamhando yepfuti iyoyo; inji pamayadi makumi maviri nemashanu.”

¹⁸ Ndaiziva kuti zvakanga zvisiri izvo. Ndakanga ndapfura mbumburu pfumbamwe, muburi rimwe chete pamwe pacho, pamayadi makumi mashanu nayo. Zvino iyi yaiva Kambani yeWinchester yakagadzira.

¹⁹ Zvino, zvinotaridzika sekunge mumwe munhu anogona kuti, “Zvakanaka, kana mainjiniya vakawana kucherechedzwa pamutemo kuve vakagadzira pfuti iyoyo, saka vanofanirwa kuziva zviri mairi, uye kana vakagadzira pfuti iyi, saka sei iwe uchizo. . . ?”

²⁰ Ndizvo zvakataurwa nemudzimai wangu kwandiri. Iye akati, “Billy, ko unotambireiko nepfuti iyoyo, shure kwekunge munhu akafunga magadzirirwo ayo pamwe nekuzoigadzira, uye anotoziva kuti munyere yega-yega mune gasi rakawanda zvakadii uye nedenderedzwa rega-rega riri mairi nezvimwe zvose zvakadaro, sei—sei uchiedza kupikisa shoko ravo?”

²¹ Ini ndikati, “Zvakanaka, mudiwa, nguva pfupi yapfuura waindivhunza muvhunzo wemuBhaibheri, uye waiva une mhinduro kuseri kweBhaibheri. Uye wakandivhunza, ‘Ko Mwari vakapa here Abrahamu nzvimbo iyo yaVakamuvimbisa?’” Uye—uye, kana kuti, akandivhunza.

Ini ndikati, “Kwete, haAna kumupa nzvimbo yacho. Akaivimbisa kwaari, asi haana—haana kumbove nechimwe chayo zvachose. Haana kuiwana.”

Uye saka iye akati, “Oo, ndakuwana pane iwoyo.” Iye akati, “Iyi ndiyo mhinduro, ‘Vakatoipa kwaari.’”

²² Ndikati, “Vhura kuna Mabasa 7. ‘Pasina kana nzvimbo yekuti aise Tsoka yake pairi.’” Ndizvozvo chaizvo, ha—haina kupihwa kwaari. Zvino, munoono, dzimwe nguva mhinduro dzedu dzakanyorwa nemunhu, dzinogona kuva dzisiri idzo.

²³ Uye munhu anogadzira pfuti anogona kukanganisa, nokuti ndagara ndichitoziva kuti ndakapfura mbumburu pfumbamwe dzakatevedzana mukachidimbu kebepa muburi rimwe chete pamayadi makumi mashanu nepfuti iyoyo. Uye ivo vakati kana mbumburu nomwe dzikapararira. . . unowana inji imwe chete pamayadhi makumi maviri nemashanu, hafu yechinhambwe chacho, hauzoiti kuti ive zviri nani. Kwandiri

vaiva vachikanganisa, zvisinei kuti vaiva vanamazvikokota vepfuti yacho kana kuti kwete, nokuti ndaiziva zviri nani, munoono.

²⁴ Zvino ndakagara pasi pemuti mamwe mangwanani, uye Hama Wood neHama Charlie, vanovhima neni, uye paiva netsindi kwese-kwese. Zvakanaka, ndakanga ndapfura imwe mazuva mashoma kumashure kwaizvozvo ndikapotsa ziso rayo; ndikarova zasi padama. Hongu, ndakauraya tsindi ikafa sezvayainge dai yakange yarohwa muziso, asi pfuti iyi yakanga yopotsa, kwandiri. Zvinondiita kuti ndihute-hute, nokuti kana pfuti iyi isiri kugona kunyatsonanga, ndi—ndi. . . hazvindiitire zvakanaka kuenda kunovhima (Maona?), nokuti handivhime kuti ndiwane nyama yayo zvisinei. Ndi—ndinongovhima kuitira mutambo.

²⁵ Uye zvadaro ini ndakati, “Ndizvo. . . Zviri. . .” Ndakanga ndakagara pasi pemuti, muti mudiki wekuzembera. Ndaigona kuenda kwauri mangwanani ano, umo mumakomo eKentucky. Uye ndakanga ndakagara kumashure pasi pemuti iwoyo, ndichiteerera kuna Charlie ari nechekuno uyo akanga achingopfura. Vaizo. . . Handinei nekuti ndepapi petsindi pavaiinge vapfura, chero bedzi vapfura tsindi. Kwavo. . . kana kupfura kwavo. . . pfuti yaingopotsera mbumburu pakasiyana-siyana, zvokungoti yarova tsindi bedzi. Uye dai maive—dai maive muhudyu, kana kuti pakati chaipo, kana kuti papi zvapo payayiirova, zvose zvaive zvakanakaka.

²⁶ Uye zvadaro. . . uye ndikati, “Saka, zvino, izvozvo hazvi. . .” Ini—ini handaimbogona kuzvigamuchira. Zvino ndakagara pasi ipapo. Ndakafunga, “Ingotarisa kunakidzwa kuri kuitwa nevarume ava.” Uye vanofarira kuvhima sezvandinongoitawo ini, uye vose vari vaviri vapfuri vakanaka, vanogona. Varume vakanaka kwazvo, vose vari vaviri Makristu, vakazadzwa neMweya Mutsvene, uye varume vakangonaka; imwe mhando yepamusoro-soro yevarume. Uye hama idzodzo kumusoro uko vanga vachiva nekunakidzwa kwazvo, vachipfura tsindi. Uye paive netsindi dzaisvetuka mumiti pandakanga ndiri chaipo.

²⁷ Zvakanaka, ndakati, “Saka ndingaitirei chinhu chakadaro? Ndakagara pano, uye hepano pandiri ndakagara pano ndichichema, misodzi ichingoyerera ichidzika pachiso changu. Havoka avo pavari, uye ini pano handisi kukwanisa kana kurova chipfuro.” Saka ndakasimuka zvino ndikati, “Baba veKudenga, ko sei Makandigadzira zvakadai, munhu anohuta-huta zvisvishoma, akatsamwa? Uye zvadaro nyasha dzeNyu dzakandipa mamiriyoni chaiwo eshamwari,” munoono. Uye ndikati, “Ko Makandigadzira kuva munhu akadai sei?” Uye zvadaro ndakatanga kuchema zvine ruzha ipapo, ndakagara pasi pemuti mudiki wekuzembera, ndizvo, ndakatanga kukwira gomo.

28 Uye—uye ndaiziva kuti, nenguva isipi machinda aya aizenge awana tsindi dzavo dzakatarwa, uye vodzoka. Uye hepano ini ndakanga ndakagara ipapo, kungo . . . Oo, zvaisave . . . asi nda—ndakanga ndisina manzwiwo ekupfura kune imwe yadzo, nokuti, ndaitya kuti ndinozoikuvadza, munoziva, uye yobva ya—yatiza, maona.

29 Uye ndakango . . . zvino pfuti yangu, ndaizo . . . Mwaka wacho hauna kureba zvakananyanya, uye ini ndainge ndiri ipapo, zvingaita, zvakanaka, hafu yemwaka yakatopera ndichiedza kuita kuti pfuti iya ishanda zvekare. Ndakatumba sikopu ikoko, ndikaita kuti igadziriswe zvakanaka, zvino ivo ndokuti, “Sikopu yacho yakanaka chose.”

30 Saka, ndaiziva kuti yaiva pfuti, nokuti iri kupotsera rimwe, kune rimwe divi, uye rimwe, kune rimwe. Sikopu hayaimboita zvakanaka. Saka ndakagara pasi ipapo zvino ndo—ndokungochemama.

31 Uye shure kwekunge ndagara ipapo kwekanguva, ndakaita sokubata musoro wangu nechepamusoro, ndakaMunzwa achitaura kwandiri. Zvino, imi mose makamira manheru apfuura mumisangano; mukaona kuti Aienda sei umo muungano, chero kwese ikoko, kwese kwaAindida, kuti ndiudze vanhu zvose maererano nezvinhanho zvavo, uye kuti ivo ndivana ani, uye kuti vanobva kupi, nekuti chii chavakaita, zvichazoitika. Makambozviona zvichikundika here? Hazvikundike; hazvigone, nokuti ndiYe. Saka, ipapo, Aitaura neni. Uye Iye akati—Iye akati, “Ndakakugadzira nenzira iyoyo kuitira chinangwa.”

32 Zvino ini ndikati, “Sei Makandigadzira nenzira iyi, Ishe, kuitira chinangwa, kuti ndive anohuta-huta? Uye chinhu choga chandinacho chinondiita kuti ndizorore kubva mumisangano kuuya kuno kuzovhima. Uye Imi mondiita kuti . . .” Munooni, Mwari vanoita kuti zvinhu zvose zvishande mukunaka kune avo vanoVada, munooni. Vaida kunditudza chimwe chinhu. Ndokusaka pfuti iyi yakatanga kupotsa, kuti vaunze chinhu ichochi kwandiri.

Iye akati, “Zvakanaka . . .”

33 Ndikati, “Pfuti yangu,” ndikati, “Ishe, Ndimi Moga munokwanisa kuinangisa.” Ndikati, “Ndimi Moga munokwanisa kundibatsira, nokuti Kambani yeWinchester yacho chaiyo inotaura kuti inopfuura bedzi mbumburu dzinokwana mudenderedzwa riri inji imwe chete pamayadi makumi maviri nemashanu. Zvino, Ishe, ini ndinozviziva: Nda—ndakapfura ndiri pamayadi makumi mashanu ndikaisa mbumburu pfumbamwe dzakatevedzana. Maona? Ndinoziva zvakanasiyana kubva pane izvozvo.”

34 Iye ndokuti, “Ndicho chikonzero Ndakakugadzira nenzira iyoyo.” Akati, “Uri kuona? Iwe . . . Ndakakugadzira

nenzira iyoyo kuti...kuitira chinangwa.” Zvino, uye hezvino zvazvakanga zviriri. Maona? Kana ndaiziva kuti yaizorova chipikiri pamayadi makumi mashanu, handinei nebasa kuti ndiani anotaura zvinopesana, ndinoziva kuti inozviita, kana ikangova muchinhano chakanaka; kana kuenzana, mbumburu, uye ma—uye ma...kufamba kwose kunoita mbumburu dzepfuti kunokwanisa kunzverwa uye kwogadziriswa. Nokuti yakambozviita imwe nguva; kana yakambozviita kamwe, inokwanisa kuzviita zvekare.

³⁵ Zvakanaka, ipapo ndipo paAkandizivisa, zvadaro, Akandigadzira nenzira iyoyo nyenya yekundituma kwaAkaita mumazuva ano andiri kurarama maari; kuti handigone kungoenda kucheche yemasangano ndonobatana neimwe, apo vachange vachingobvotomoka: “Zvakanaka, che—chechi inoti *izvi* zvakanaka zvino ivo vogamuchira *izvi*.”

³⁶ Kana—kana—kana Jesu Kristu ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, kana yakapfura mbumburu ipapo, icharipfura zvekare. Handinei nokuti vanoti kudii. Muri kuona? Panofanira kuve neimwe nzira yekuti ndiYe Munhu mumwe chete. Ndiye chinhu chimwe chete. Simba rake rimwe chete.

³⁷ Zvino, kana mukasvika panzvimo yakafanana neiyi, Mateo 28:19, iyo yamuri kundivhunza nezvayo mangwanani ano, Mabasa 2:38. Jesu akatuma vadzidzi vaKe pano: “Endai munyika yose muparidze vhangeri kuchisikwa chose. Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa.” Zvino, ndiyo Marko 16, yandiri kunokora kubva mairi. Uye zvino, ipapo ndipo paAkavatuma. Uye Haana kutaura kuti unobhabhatidza sei imomo. Marko hahana kumbozvinyora pasi.

³⁸ Asi Mateo akati, Mateo 28:19, Iye akati, paAkazviratidza kwavari, shure ipapo, nezvimwe zvakadaro, uye ndokuvatuma kuti vaende kunobhabhatidza, Iye akati, “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ese.” Uye dudziro chaiyo ndeyekuti, kudai, “itai vadzidzi kubva mumarudzi ose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene, muchivadzidzisa kuchengeta zvose zvandakaraira.”

Zvino kwapera mazuva gumi Petro akati, “Tendeukai mubhabhatidzwe, mumwe nemumwe wenyu, muZita raJesu Kristu.” Zvino, hapo pane kupesana kwakananga!

³⁹ Zvino, vanhu vakawanda vanoti, “Zvakanaka, chechi yangu inodzidzisa, ‘Bhabhatidzwai, zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.’ Seminari yandakabva mairi yakandidzidzisa izvozvo, saka ndiyo nzira yandichazviita nayo.”

⁴⁰ Kwandiri izvozvo hazvina kururama. Ndiri kurova neche *apa* uye ndorova neche *apo*. Ndiri kugadzira de—denderedzwa remainji makumi mana rine mbumburu dzakaungana. Izvozvo, hazviita kuti Magwaro ange akarurama. Rinofanira kuva rakanyatsonanga chaipo. Rinofanira kuva rakanyatsonanga

chaipo. Zvakanaka, saka, rinozova rakanyatsonanga sei apo Mateo akati, “Bhabhatidzwai, muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” uye Petro akati, “Bhabhatidzai, muZita raIshe Jesu,” vose vaviri vari vadzidzi, mumwe, ari munyori, uye mumwe wacho, ari muapostora?

⁴¹ Uye zvadaro, munhu wese muBhaibheri akabhabhatidzwa shure kwaizvozvo, akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Uye avo vose vakanga vakatobhabhatidzwa kare naJohane vakatouya kuzobhabhatidzwazve zvekare, muZita raJesu Kristu, vasati vawana Mweya Mutsvene.

⁴² Zvakanaka, ini ndakati, “Munoona, ha—hamuna kunanga chaipo ipapo.” Hechino chimwe chinhu zvino. Kana tichitenda Bhaibheri kuti ndiro Shoko raMwari risingakundike, hatingariite kuti rive rakamwararika kose-kose pachidimbu chebepa uye rova rakananga. Muri kundinzwisisa here? Rinofanira kurova chipfuro, kana kuti harisi kurova. Kana rakapotsa, rakapotsa.

⁴³ Zvakanaka, ko sei Petro akatendeuka akaita chimwe chinhu icho chaasina kuudzwa naJesu kuti aite? uye zvadaro Mwari vakazvigamuchira ndokuvapa Mweya Mutsvene, apo—apo Jesu akati, “Muvabhabhatidze muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” uye Petro ndokuti, “Kwete, bhabhatidzai muZita ra—raJesu.”

⁴⁴ Zvino, iwe—iwe haugone kuita kuti izvozvo zvirove chipfuro. Maona? Zvino, pane chakatsveyama pane imwe nzvimbo, hanzvadzi. Maona? Zvichida mumwe akanyepa, kana kuti mu...Ndeupi akanyepa? Ndeupi wacho? Zvino, kwandiri izvozvo hazvimboshanda.

⁴⁵ Sezvazvakangoita nekuti: “Ko humbowo hwerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene kutaura nendimi here, kana kuti hakusi?” Vamwe vanoti, “Hongu,” uye vamwe vanoti “Kwete.” Ko Magwaro anoti kudii nezvazvo? Zvinofanira kunanga chaipo! Ndakawana apo, pokuti, vamwe vakataura nendimi, uye vamwe havana. Saka, ndezvipi zvacho?

⁴⁶ Mumwe muvhunzo mukuru kwazvo: “Ko madzimai vanofanira kuva vaparidzi here, hongu, kana kuti kwete?” Imwe nzvimbo inoti, “Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose; vanakomana nevanasikana venyu vachaporofita.” Imwe ikati, “Handitenderi, kwete, mudzimai kuti ataure muchechi,” zvakadaro. Maona?

⁴⁷ Zvino, izvozvo hazvinange. Hazvinange, saka vano... Usangozvisiye zvakadaro nokuti seminari, fekitari, yakati ndizvo zvaive zviru, izvo, “Ndiwo manakiro azviri sezvauchangozviwana zvakaaita.” Kwete, changamire. Kwete, changamire. Zvinofanira kunanga chaipo, kana kuti hazvina kunaka. Zvakanaka, zvino kana zvakanangira nemazvo, zvichandinangira nemazvo. Kana zvakanambona pane imwe

nguva zvikaunza zvibereko zvekutora rumuko rwaJesu Kristu nesimba nezviratidzo nemashura nezvishamiso, zvichazviita zvekare.

⁴⁸ Zvino, pane imwe nzvimbo taka . . . tiri . . . pane kuregedzeka kwakawandisa kuri muburi remupongoro. Muri kuona zvandiri kureva? Iyi inzira yakakwasharara yekuzviratidza nayo, pamusoro pekupfura nepfuti, asi ndiri kungo, ndiri ku- . . . ndichiisa izvozvo senheyo kuti munzwisise zvandiri kutaura. Pane kuregedzeka kuri pamupongoro pane imwe nzvimbo; hauna kugara zvakanaka pamutanda wacho; unga hwacho zvichida hwakawandisa kana kuti hushoma zvakanyanyisa; kana kuti rimwe sikuruu rakasunga zvakasimba uye rimwe rakaregedzeka, kana kuti rimwe rakaregedzeka zvakanyanyisa uye rimwe racho rakasunga zvakasimba; uye pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. [Mumwe murume anotaura neHama Branham—Mupepeti] Hongu, hongu, hongu, anokwanisa kuva munhu ari seri kwetiriga, ndizvozvo. Asi zvino, chinombove chii zvino?

⁴⁹ Zvino, kana mune kupesana muShoko raMwari zviri pachena chaipo sezvazviri izvo, zvaro harisi Shoko raMwari randinoziva. Kana Iye achikwanisa kuzvivingidza pachaKe, uye ovhiringidza Shoko raKe, uye obva avhiringika pachaKe, Anenge achigumirwa, Anenge achigumirwa sezvandiri.

⁵⁰ Zvino, ndizvozvo here? Shoko iroro rinofanira kuva rakarurama uye chimwe nechimwe chaRo chose chakarurama uye Iro rakanyatsonanga, kana kuti harisi Shoko raMwari.

⁵¹ Zvino, nguva zhinji vanhu vanoti, “Zvakanaka, muri kuona, Petro aive achingofarisa paakati bhabhatidzai, Zita raJesu, nokuti ipapo—ipapo, chaizvoizvo, Mateo akataura chaizvoizvo zvakataurwa naJesu. Hatina basa nezvakataurwa naPetro.”

⁵² Zvakanaka, saka, kana Petro naJesu vakanga vasiri mumutsara mumwe chete mumwe nemumwe, zvaro dzimwe Evhangeri dzose dzinogona kunge dzisiri mumutsara imwe neimwe. Kana Shoko rimwe chete raRo richipesana nerimwe racho, zvaro haRisi Shoko raMwari, raMwari wandinoziva.

⁵³ [Mumwe munhu anoti, “Zvichida Johane akaita dzimwe mhosho.”—Mupepeti] Hongu, Johane anokwanisa kunge akazviita. Ko ndeupi aiva aita zvakarurama? Futi zvaiv- . . . Handizive kuti Jesu akataura izvozvo here kana kwete. Maona? Mateo akazvinyora. Marko haana kana kumbotaura chimwe chinhu nezvazvo, Ruka haana kana kumbotaura chimwe chinhu nezvazvo, uye Johane haana kana kumbotaura chimwe chinhu nezvazvo, asi Mateo akataura. Zvakanaka, saka zvichida rose Vhangeri raMateo raiva rakatsveyama, uye neraRuka. Zvakanaka, saka, nderipi rakarurama uye nderipi rakatsveyama? Muri kuona pamazvisvitsa? Kwete, changamire, Rose rinofanirwa kuva rakarurama.

⁵⁴ Saka ndinoshamisika, ko sei Mwari vaizonyora Chinhu chakadaro, voita kuti chinge chakavhiringika? Kunyangwe Jesu akatotenda Baba vaKe kuti Vakazvivanza izvi kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, ndokuzvizarura kune vacheche avo vanokwanisa kudzidza. Zvino, zvakaitirwa kukandira va—va—vakachenjera kunze kwenzira. Asi Bhuku racho chizaruro.

⁵⁵ Zvino, seapo pandinoenda mhiri kwemakungwa zvino mudzimai wangu ondinyorera tsamba uye ini ndogara pasi. Iye woti, “Mudiwa Billy, ndakagara pano manheru ano; vana vakarara. Ndafunga kuti ndikunyorere mitsara mishoma kuti ndikuzivise zvataita nhasi uye kuti tiri kuzvifambisa sei. Tinovimba kuti Mwari vari kukuropafadza,” nezvimwe zvole zvakadaro. Zvino, ini ndiri kuverenga kubva pamitsara yaanga achinyora. Asi ndiri murudo rwakanyanya nemudzimai wangu, uye ari murudo rwakanyanya neni, hazvinei nekuti chii chandinonyora, tinogona kuverenga pakati pemitsara pane zvatininge tichireva.

⁵⁶ Zvakanaka, ndiyo nzira iyo yakanyorwawo nayo Bhaibheri: pakati pemitsara. Munoziva nezvemharidzo dzangu dzakawanda, seapo Mwari vachishandura Abrahamu naSara kuva vanhu vaduku zvekare, unotofanirwa ku—unofanirwa kuverenga pakati pemitsara kuti uone kuti zvaiva zvakaita sei, kuti Gwaro rinoti kudii. Unofanira kuziva. Asi hazvimbobudi kubva mumutsara. Maona? Pakati pemitsara panongonzwa mitsara pamwe chete zvoita kuti uve mufananidzo mumwe chete wakakura.

⁵⁷ Zvino, inofanira kuva nyaya yerudo naMwari usati wagona kuzvinzwisisa, nokuti Mweya Mutsvene ndiwo wakanyora Bhaibheri; uye Bhaibheri rakati haRisi redudziro yepakavanda, asi Rakafemerwa.

⁵⁸ Zvino, toenda kumuvhunzo wenyu. Mune Bhaibheri here? Mese mune Bhaibheri here? Zvino, chokutanga... [Mumwe munhu anotaura neHama Branham—Mupepeti] Kwete, zvole zvakanaka. Kana mu—mu—mu—mukagona kuzvinyora pasi, kana kungo... Zvino ndichapa mienzaniso, kana musina henyu hanyin’ a nazvo. Uye mune izvi, zvadaro, mucha—muchaona kuti sei. Zvino, ndinoda kukuvhunzai muvhunzo imi hanzvadzi.

⁵⁹ Ndinoda kuti musununguke nekusununguka kwese. Zvino, garai muri pachidzidzo chino kuitira tepi ino, nokuti ndinoreva kuti tinogona kubva tatsaukira pane umboo hwepakutanga nezvimwe zvinhu zvole zvakadaro. Asi regai zvi... Tichagadzira imwe tepi yeizvozo (Maona?) imwe nguva. Asi iyi, tiri kutaura nezverubhabhatidzo rwemumvura.

⁶⁰ Zvino, zvinoratidzika sekunge Mateo naPetro, kana vainge vari kupfura pachipfuro chimwe chete, vaive vakapotsa kwazvo kubva pamutsara vari kumwewo.

⁶¹ Zvino, zvino ndichatora kubva mu—muBhaibheri rangu uye ndichaverenga. Uye—uye imi vana hanzvadzi, kana muchida kuRiverenga, ingovai...munoda...munoda Bhaibheri kana kuti munoda kunyora pasi kana zvimwewo zvakadaro, imi itai zvamunoda. Uye zvadaro ndicha—ndichada kukuwanirai... ndichada imi zvino kuti—kuti... shure kwekunge mapedza kuita izvi, mozvinyora pasi. Uye zvadaro kana pane mimwe mivhunzo, ndinoda kuti muve nechokwadi uye—uye mondihunza zvino. Ndivhunzei, kuitira kuti kana panguva inotevera, patepi ino, kuti mumwe munhu akazokuvhunzai muvhunzo, munozogona kudzoka uye mozvitsanangura.

⁶² Zvino, mukuedza kuswatanudza vanhu ava uye toita kuti vaviri ava vaenderane, ndiri—ndiri kuda ku...fanira ku... ndinga... potse kubatanidza zvidzidzo izvi zviviri pamwe chete.

⁶³ Zvino, zvino, muna Mateo 28:19, zvino, ndiro bhuku rekupedzisira reBhaibheri, kana kuti, bhuku rekupedzisira raMateo, chikamu chekupedzisira chaMateo. Zvino, ngativerengei ndima dzekupedzisira, ndima 18:

Uye *Jesu akasvika akataura kwavari, akati*, Simba rose rakapiwa kwandiri *kudenga nepanyika*. Simba rose rakapiwa kwandiri *kudenga nepanyika*.

⁶⁴ Zvakanaka, ndichifungisisa, ko Akatora simba rose raMwari ipapo here? Nokuti simba rose Kudenga nepanyika riri ma—riri maAri zvino. “Simba rose kwose Kudenga nepanyika rakapiwa kwaNdiri.” Ko Mwari vari kupi nesimba raVo? Zvino, ko Jesu anganyepa here? Haaigona kunyepa. Kana Akanyepa, saka tiri papi?

⁶⁵ Zvino rangarirai, chengetai...chengetai izvi mupfungwa, kuti, Chechi yaMwari mupenyu, kwete sangano, Chechi yaMwari mupenyu yakavakirwa pachizaruro chepamweya. Zvino, munozviwana izvozvo muna Mutsvene Mateo 17, kana kuti, Mutsvene Mateo 16 ndiyo, apo paAkati—Akati “Ko vanhu vanoti Ndini aniko?”

Iye akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu,” Petro akadaro.

⁶⁶ Iye akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi. Nyama neropa (seminari, mumwewo munhu) hazvina kumbozarura izvi kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga. Iwe ndiwe Petro. Pamusoro pedombo iri ndichavaka Chechi yaNgu.”

⁶⁷ Zvino, tarisai, Katorike inoti, “pana Petro”; kana zviru izvozvo, zvinoka, akadzokera kumashure. Zvakanaka, Protestanti ikati, “pana Jesu.” Asi kwete kuti ndive ndakasiyana, asi kuti ndiruramisa nyaya iyi: kwete pana Jesu kana pana Petro, asi pamusoro pechizaruro chepamweya: “Nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga ndivo vazarura izvi kwauri.”

68 Zvadarwo muShoko rakanyorwa mumifananidzo nezvimwe zvose rinongokwanisa kuzarurwa, uye chokwadi chega zvachichangozivikanwa nazvo, ndicho chizaruro chepamweya. Uye kana chizaruro chako chisingazvibatanidze pamwe chete, ipapo chizaruro chako chinenge chakatsveyama. Maona? Zvinofanira kubatana.

69 Sekuti dai wanga uri kubatanidza pamwe chete mufananidzo uri muzvidimbu-zvidimbu zvakavhenganiswa, uye wonge usina chimwe chinhu padivi apa chino—chinoratidza zvawaive...waizowana mamiriro acho akasangana-sangana. Waizoti, “Zvakanaka, ndinotenda *ichi* chinoenda apa, ndinotenda *ichi* chinoenda apo.” Ndidzo pfungwa dzemunhu. Chinhu chekutanga unoziva, mamiriro ako echinhu chacho anenge asiri iwo: pova nemombe iri kufura uswa iri pamusoro pemuti. Maona? Saka ha—hazvizoshanda. Maona? Asi kana iwe uka...kana ukawana chimwe chinhu pano chekutevedzera, chekutevedzera! “Zvakanaka, zvino,” iwe woti, “oo, Mwari vakazarura chimwe chinhu kwandiri.” Kana chisiri maringe neShoko iri, uye chichibatanidza Shoko pamwe chete, ipapo chizaruro chako chinenge chakatsveyama.

70 MuTestamende Yekare, kana muporofita akaporofita, kana muroti akarota hope, hazvina basa kuti zvairatidza kuva chokwadi zvakadii, chokutanga, chechi isati yatombozvigamuchira, zvaifanira kunzverwa neUrimi neTumimi. Imi munozviziva, chidzitiro chiya chepachipfuva chaAroni apo paibaka zviyedza. Zvino, huprisita ihwohwo pahwakapera, Urimi neTumimi yakaendawo nahwo. Asi tava neUrimi neTumimi itsva; ndiro Shoko raMwari.

71 Uye kana chizaruro chako chisingapindirane, uye iwe woti, “Mwari vandizarurira kuti ndinofanira kubhabhatidzwa, muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” kana izvozvo zvisingapindirane neShoko, naro kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa, uye zvoRibatanidza pamwe chete, ipapo chizaruro chako chinenge chakatsveyama.

72 Iwe unoti, “Mwari vakazarura kwandiri kuti ndinofanira kubhabhatidzwa muZita raJesu.” Kana zvisingabatane neShoko, zvadarwo Urimi neTumimi haizvitsigire. Hazvina basa kuti zvinoratidzika kuva zvechokwadi zvakadini, Iri ndiro Shoko chairo rechokwadi. Iri ndiro Urimi neTumimi yaMwari.

73 Zvino, “Uye Jesu...” Zvekare ndiri kunokora, kudzokorora: “Zvino Jesu akauya akataura kwavari (ndima 18), achiti, simba Rose rakapiwa kwaNdiri Kudenga nepanyika. Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza muZita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene: Muchivadzidzisa kuchengeta zvinhu zvose chero chipi zvacho chaNdakakurairai: tarirai, Ndinemi nguva dzose, kunyangwe kusvika kumagumo enyika. Amenii.”

⁷⁴ Zvino, ndinoda kukuvhunzai chimwe chinhu, zvino kungo...Zvino, iMateo 28:19, Gwaro ramuri kundikumbira kuti nditsanangure, iro ratakatarisa pariri mangwanani ano. Zvino, ngatinyatsopaverengai zvakanaka, musango—musangomhanya nepamusoro paro. Nyatsopaverengai zvakanaka. Zvino, nyatsocherechedzai. “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza muZita raBaba, nereMwanakomana...” Zvino, kwete—kwete, “nemuzita raBaba, nemuzita reMwanakomana, nemuzita reMweya Mutsvene.” Ndiyo nzira iyo vanhu yavanobhabhatidza—vanobhabhatidza nenzira iyoyo. Hazvitombori muMagwaro. Munoono, hazvisi, “nemuzita raBaba, zita reMwanakomana, nemuzita reMweya Mutsvene.” Handizvo. Hazvisi muMagwaro. Uye hazvisi, “mumazita aBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Zviri, “nemuZita,” z-i-t-a, rimwe chete; Zita. Tarisai, apo imi mose makatarisa, “nemuZita.” Zvakanaka.

⁷⁵ Zvino, zvino, kana pane pamwe pausinganzwise... Ndakamirira Hanzvadzi Sewell vari apo kuti vapawane. Mapawana here ipapo? Mateo 28:19, ndima 19. Zvino, Hanzvadzi Sewell, ndinotenda ndimi manga muchivhunza zvakasimbisisa. Zvino, ko iro rinoti here, “Nemumazita raBaba, Mwanakomana ...”? Rinoti, “Nemuzita raBaba, nemuzita reMwanakomana...”? Kwete. “NemuZita raBaba, nereMwanakomana, nereMweya Mutsvene.” Kwete nemuzita, pachiiiswa *zita* pamashure pedunhurirwa rega-rega, asi kungoti nemuZita raBaba, nereMwanakomana, neMweya Mutsvene. Zvino, zvino tacherechedza, zvino, panofanirwa kuva neZita rimwe chete ipapo, nokuti rakataura Zita rimwe.

⁷⁶ Saka, ndinoda kukuvhunzai, nderipi racho pamazita aya ratinofanira kubhabhatidza naro, zvino? Zvino, ko “baba” izita here? Kwete, saka hatigone kubhabhatidza “nemuzita raBaba,” nokuti “baba” harisi zita, handizvo here?

⁷⁷ Zvakanaka, “nemuzita reMwanakomana,” ipapo, tochidaro. Ko “mwanakomana” izita here? Ini ndiri mwanakomana, iwe uri mwanakomana, uyu mwanakomana, ndizvo? “Mwanakomana” harisi zita, ndizvo here?

⁷⁸ Zvakanaka, “Mweya Mutsvene” zvino; “nemuzita reMweya Mutsvene.” Zvakanaka, pano...Zvakanaka, zi...Ngatiti, “Mwe-...nemuzita reMweya Mutsvene.” “Mweya Mutsvene,” izita here? Kwete; ndizvo zvaUri. Isu tose tiri vanhu. Iwo ndizvo zvaUri; Iwo Mweya Mutsvene. Asi “Mweya Mutsvene” harisi zita; ndizvo zvaUri. Isu tose tiri vanhu, asi handiwo mazita edu. Maona? Kwete. Ndizvo...pane madunhurirwa matatu, saka, handizvo here?

⁷⁹ Zvakanaka, zvadaro, chinhu chemhando ipi chatinacho pano, zvino? Iye—Iye akati, “Muvabhabhatidze nemuZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Zvakanaka,

kana “Baba” risiri zita, uye “Mwanakomana” risiri zita, uye “Mweya Mutsvene” risiri zita, haasi mazita. Saka hawaigona kuashandisa sezita, nekuti hapana zita kwariri zvachose pakutanga kwacho. Zvino pa... Munozvinzwisisa here? Haasi mazita. Anongove...

⁸⁰ Sekuti ndiri... Vanondidaidza kuti “Mufundisi.” Vamwe vanhu vanonditi muporofita. Vamwe vanonditi muparidzi. Zvakanaka, zvino... Hongu, ndiri baba, ndiri mwanakomana, ndiri munhu; asi zita rangu ndiWilliam Branham. Asi—asi mufundisi, muporofita, kana kuti, mufundisi, mukuru, uye mushumiri, aya madunhurirwa angu. Zvakanaka, iwo ndeevanhu vakawandawo zvekare. Sezvakaita munhu wemukati, mutumbi, nemweya, izvozvo ndezvanguwo, zvekare. Asi ndezve murume uyu, murume uyo, mudzimai uyu, mudzimai uyo, nevamwe vose. Maona? Zvose zvakangofanana. Munooona, madunhurirwa asi handiro zita rangu. Harisi zita rako. Munhu wemukati, mutumbi, nemweya hazvisi zita rako. Hazvisi izvo... ndizvo zvauro, asi harisi zita rako.

⁸¹ Zvakanaka, uri mudzimai. Uri amai. Uri mudzimai wemunhu, mwanasikana. Hongu, zvinhu zvose izvozvo, izvozvo, ndizvo—ndizvo zvaunongove. Uye toti iwe... Ndakagara ndichikuti “Chiremba.” Iwe uri mukoti. Ngatiti uri chiremba. Zvakanaka, uri amai, zvekare, asi handiro zita rako. Kana ndikangonyora “chiremba,” pane vana chiremba vakawanda. Kana dai ndainyora kuti “mukoti,” pane vana mukoti vakawanda. Maona? Asi zvakadaro iroo harisi zita rako. Saka kana chero ani zvake akati ndakabhabhatidzwa nemuzita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, kana vakangogona kufunga, hazvina kana pfungwa... Hazvina—hazvina kana—hazvina kana pfungwa dzakakwana: zita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.

⁸² Zvakangofanana nezvinotaurwa neKatorike, “humwanakomana hwemuna Ziendanakuenda,” humwanakomana hwemuna Ziendanakuenda hwaKristu. Ko shoko iri ringareva chinhu sei? Ko Angave wemuna Ziendanakuenda sei uye agova Mwanakomana? *Mwanakomana*: anenge “akatoberekwa aine paakabva.” Ziendanakuenda harina mavambo kana magumo.

⁸³ Kana vakati pane gehena remuna Ziendanakuenda, Bhaibheri rakati gehena rakasikwa, saka ringazova remuna Ziendanakuenda sei? Hakuna gehena remuna Ziendanakuenda; gehena rakasikirwa dhiyabhore nengirozi dzake; kwete gehena remuna Ziendanakuenda. Zvose zvinotanga, zvinoguma. Gehena rinogona kubvira kwemabhiriyoni zana emakore, asi rinofanira kuva nemagumo, nokuti zvose zvine mavambo, zvinoguma.

⁸⁴ Ndicho chikonzero tisingagone kufa, nokuti tiri chikamu chaMwari, vana vaKe, vanakomana nevanasikana. Tine Hupenyu hwemuna Ziendanakuenda, Hupenyu hwaMwari. Hauna kumbova nemavambo, hauzomboguma. Maona?

⁸⁵ Zvino, izvi zvakanyatsosimba kwazvo. Kana musingazvinzwisise zvino ndinotyta kuti ndingakutsautsei pane rimwe davi pano pane imwe nzvimbo, sekunge ndanga ndiri kutaura nevashumiri. Zvino, kana musinganzwisise, nditaurirei, nokuti kazhinji unotaura nevashumiri seizvozvi. Muri kuona? Asi, munoonaka imi madzimai, muchangobva kundivhunza, uye muri shamwari dzangu. [Hanzvadzi dzinopindurawo—Mupepeti]

⁸⁶ Zvakanaka zvino, ndiri kuedza...Mose maka—mose makadzidza, uye mose maka—mose makachenjera. Uye ha—handidi kuti mutore izvi “nokuti Hama Branham vataura kudaro.” Zvino, ndiri munhu. Hongu, ndinoda kuti mutore Shoko. Uye kana mukawana ani zvake anozodzikisa Shoko iroro, imi vaunzei kwandiri; kana mukawana ani zvake anoti mune kupesana muShoko raMwari, muunzei kwandiri. Zviri... ha—ha—hazvingambodaro. Ha—hazvidaro, hapana chikonzero chekuedza, nokuti hazvipo, munoono.

⁸⁷ Zvino, zvingaitika sei kuti munhu abhabhatidzwe...? Ndinoda kukuvhunzai imi madzimai chimwe chinhu iye zvino, kana kuti, nemi varume: Ko chero munhu angabhabhatidzwe sei nemuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene? Ko ungabhabhatidze sei nemuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene? Hamuoni here hwaro hwacho? Hakuna chinhu chakadaro chakaita sezita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Iwo—iwo—iwayo—iwayo madunhurirwa. Maona? “Hapa...” Ko sei musingangoti “Hapa remuMupata, Ruva reSharoni, Nyeredzi yeMangwanani, Arfa, Omega”? Zvinozova zvakafanana. Kana kuti unogona kungobhabhatidzwa saizvozvo, ndichiti, “Ndinokubhabhatidza nemuzita raArfa naOmega, weKutanga neweKuguma.” Zvakangofananawo nekuti, idunhurirwa. “Ndinokubhabhatidza nemuzita reHapa remuMupata, Nyeredzi yeMangwanani, uye neRuva reSharoni.” Zvinongova zvimwe chete, madunhurirwa. Asi tinoziva kuti muridzi wawo ndiAni, asi pane...panogona kuva nenyeredzi dzemangwanani dzakawanda, nehapa remumipata neruva remaSharoni. Maona? Saka, kwete...iyo, kana kuti, munhu, munhu wemukati, mutumbi, nemweya, kana kuti chero zvimwewo zvamunoda kuzviita.

⁸⁸ Zvino, zvino pane chimwe chinhu chakatsveyama pano pane imwe nzvimbo, hapana here? Zvino munoono kuti pane chimwe chinhu chakatsveyama pano. Hatigone kuchinzwisisa, zvino, ngatidaroi. Zvino, “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose.”

⁸⁹ Zvino, muri kaboka kevateereri kakanaka, uye ndi—ndiri kuda kunyatsorovedzera izvi kuitira kuti muve nekunzwisisa kwakanaka. Maona? Nokuti handizive, vazhinji vehama dzangu vanogona kunzwa tepi ino.

⁹⁰ Handina murume kana munhu wandakamboti haanamate nokuda kwepapfungwa dzavo dzeMagwaro. Ndinongozviisa panheyo yekuti: kana vakaponeswa, vari kuvimba naJesu Kristu, kunyangwe vari veKatorike, Protestanti, MuJudha, kana chero chipi chavari, wakaponeswa nekuti wakaberekwa naKristu.

⁹¹ Asi mandivhunza muvhunzo, “Ko sei, Hama Branham muchibhabhatidza nemuZita raJesu Kristu?” Zvakanaka. “Uye sei muchiramba Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene?” Ndiwo muvhunzo wenyu. Uye sehama yenyu, uye semuranda waKristu, ndine mungava wekukupindurai, zvakanaka.

⁹² Zvino, naizvozvo apo pamunoono pano, kuti tive nekupikisana uku, zvino, mazuva gumi shure kweizvi, shure kwekunge Jesu ataura izvi, Petro aiva nekiyi dzekuHumambo, Mateo 16, tinowana, “Ndiwe Petro, uye pamusoro pedombo iri, ndichavaka Chechi Yangu,” nezvimwe zvakadaro. “Uye Ndinopa...Ndinoti ndiwe Petro, uye Ndinokupa kiyi dzeHumambo: chero chipi chaunosunga panyika, Ndichachisunga Kudenga: chaunosunungura panyika, Ndichachisunungura Kudenga.”

⁹³ Zvino, ndiye murume mumwe chete akanga aine makiyi, akanyatsotendeuka mazuva gumi mushure mekunge Jesu ataura izvi, akati, “Tendeukai mubhabhatidzwe mumwe nemumwe wenyu nemuZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu.” Ko makabomira kuti mufunge here kuti Jesu angape murume akanga akavhiringika zvakadaro, makiyi ekuHumambo, uyo aizotendeuka oita zvinopesana, neizvo zvaAkutaura kuti asaite? Mwari veKudenga vakaratidzwa munyama, uye vopa makiyi kumurume anokwanisa kukanganisa zvakadaro? Ko wacho chaiye wekutanga kubva mubhokisi oita chinhu chakadaro? Kwete. Chii? Zvakanaka, zvino, zvino chingo...Zvino, zvino cherechedzai. Haaikwanisa kudaro.

⁹⁴ Asi sei Akapa makiyi acho kuna Petro, ipapo? Akangozvitaura zviri pachena: “Petro, hauna kudzidza izvi kubva kune imwe chechi kana imwe seminari, asi changa chiri chizaruro chabva Kudenga, uye pamusoro pechizaruro chimwe chete ichochi chabva Kudenga, chekutwasanudza Shoko raMwari, Ndichavaka Chechi yaNgu.” Aiziva Petro: akanga—akanga asingazive svomhu. Petro akanga asingazive algebra, zvichida, kana kuti uyewo akanga asingazive geometry, kana—kana...Ndinofunga kuti Rakati aiva murume asingazive uye asina kudzidza, maererano naMabasa chitsauko 4, kana kuti Mabasa chitsauko 3, ndinotenda. Yakati, “Vachiona kuti vaiva zvose vasingazive pamwe nekusadzidza,” iye naJohane,

apo pavakapodza murume pagedhi rainzi Rakanaka, “asi vakacherechedza kuti vakambenge vaina Jesu.”

⁹⁵ Saka muri kuona, haana kuzviisa padzidzo yake yebhaibheri yekuseminari kuti Iye aigona kuzarura izvi kwaari. Ooo! Kwete pachiiitiko chake chekuseminari, nokuti akanga asina. Haadaro kunyangwe nhasi. Asi Anozvizarura, munoono, kune uyo akanga ane chizaruro chacho. Naizvozvo, Akava neruvimbo rwekuchipa kuna Petro. Aigona kunge asina kukwanisa, kuva neruvimbo rwekuchipa kuna Mateo, kana kuna Johane, kana kune vamwe vose. Asi Petro aiva nechizaruro.

⁹⁶ Saka zvadaro, Petro anotendeuka zvino oti, “Tendeukai, mubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu, mumwe nemumwe wenyu nemuZita raJesu Kristu,” munoono, “kuti muregererwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Vimbiso iri kwamuri.” Murume aiva nemakiyi akazarura Humambo kekutanga, akaitendeudza uye achiita zvinopesana, izvo zvakataurwa naJesu kuti asaite. Zvino, zvimwe aiva akanganisa, aive aita zvisizvo, haana kutevera Shoko raIshe wedu, kana kuti, aiva nechizaruro chechokwadi icho chekuti vamwe vose . . . icho—icho chakadarika chero chipi chaiva nevamwe vose.

⁹⁷ Zvino, ngatimbomirai tisati taenda kumashure, kwekanguva. Dai zvaive zvakatsveyama, ko sei Mwari akazvicherechedza ipapo, uye ndokuraira vamwe vose, zvichidzika nemuBhaibheri, kuti vabhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu? Uye munhu wese muBhaibheri akabhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu. Uye munhu wese kusvikira pakurongwa kwechechi yeKatorike, akabhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu. PaKanzuru yeNicaea, vakagadzira rubhabhatidzo urwu rwaBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, vachiita Mwari ari muhutatu kubva muna Mwari mumwe chete wechokwadi, kuti vaunze tiriniti yavo—yavo.

⁹⁸ Uye sezvo Mwari pamavambo vaiziva kuti munhu aizowa, nokudaro Vakamuita kuti ave anozvitorera sarudzo yake ega, vachiziva, nokuti Vaizokwanisa kuratidza hunhu hwaVo hwekuva Baba, kuva Mwanakomana, kuva Mupodzi, kuva Muponesi. Ko Vaizoponesa sei, kunze kwekunge chimwe chinhu, charasika? Uye muna Mwari maiva nehunhu, pasati pambova kana neNgirozi kana molecule kana chero chinhu, Mwari vaiva Vega, vega; asi Vakanga vasiri Mwari, nokuti ipapo . . . *mwari* “chinhu chinonamatwa,” pakanga pasina chinhu chekuti Vanamate . . . pasina chinoVanamata. Asi hunhu hwaVo hwakaratidza chimwe chinhu ndokugadzira Ngirozi. Ipapo Vakabva vava Mwari. Zvadaro Vakabva vagadzira munhu; vakamupa kodzero yekuti atore sarudzo yake ega. Akawa. Saka paakawa, Ivo vakabva vava Muponesi. Mukuwa akatora hurwere, saka Ivo vanobva vava Muporesi. Maona? Kuratidza hunhu hwaMwari. Muri kuona zvandiri kureva?

⁹⁹ Zvino, Vaizivawo zvekare kuti paizofanirwa kuva nevanhu vakarasika uye nevanhu vakaponeswa. Paifanirwa kuva nerubhabhatidzo rwenhema uye ru. . . Saka Vakazviisa pano, zvekare, muti wezivo: herino rimwe, Mabasa 2:38; rimwe, Mateo 28:19.

¹⁰⁰ Saka, zvakazarurwa sei kuna Abheri? “Abheri, nekutenda, akapirisa kuna Mwari chipiriso chakadarika pakunaka.” Akanga asina Bhaibheri rokutarisa pariri, saka chinofanirwa kunge chaiva chizaruro kuna Abheri. Hevano vakomana vari vaviri. Kana Mwari vachingoda bedzi kunamatwa, saka Mwari vakanga vasina nduramo pakupomera Kaini. Kaini akagadzira artari, akavaka chechi, akanamata, uye akagadzira chipiriso. Chinhu chose chezvekunamata chakaitwa naAbheri, Kaini akaitawo saizvozvo. Ndizvozvo here? Asi Abheri, nechizaruro, akapirisa kuna Mwari (Chizaruro; unofamba nekutenda.) chipiriso chakadarika pakunaka. Ko Abheri akazviziva sei, kuti wakanga usiri muchero wemuminda, uyo wakapiriswa naKaini? Raiva ropa rakavaburitsa kubva mubindu. Hupenyu hwakanga husiri mumuchero. Ropa ndiro rakaunza hupenyu. Zvakazarurwa kwaari, chizaruro.

Heuno hwaro humwe chete hwaVakatiisa pahuri izvo zvinova zvaVakaita kwavari kumashure uko: chizaruro. Zvino, hapagoni kuva nekupesana.

¹⁰¹ Zvino, imi mose makanga musiri Makristu nguva dzose. Makaberekwa muri vatadzi. Ndinofungidzira semusikana mudiki. . . handi—handizive kana wakazviita kana kwete, asi ndichatora isu tose tive mune imwe kamuri, kuti ndipe mufananidzo pano zvino, kuitira kuti munzwisise. Pamaiva vasikana vadiki, ngatiti maiverenga ma*Magazini Enyaya Dzerudo*. Vasikana vose vadiki vakawanda vanodaro. Chero mhando ipi yemagazini; inogona kunge isiri *Nyaya Yerudo*, chero nyaya. Maona? Zvakanaka. Inogona kunge. . . haigone kunge iri imwe yedzimwe idzi nyaya dzechimanjemanje dzekunotengesa mabhuku, asi chero nyaya, kunyangwe dai yaiva ya*Romeo naJuliet*. Maona? Handiti ma—ma—ma—makaverenga nya—nyaya yerudo. Zvino kana. . . ndiri kukuratidzai nenzira iyi zvino, kuitira kuti muzvibate mumufananidzo.

¹⁰² Kana ukatora bhuku renyaya, zvino woriverenga, uye rikati, “John naMary vakazorarama vachifara kubva ipapo nariinhi,” zvakanaka, unotanga kufunga kuti ndiani John naMary. Ndiani John naMary? Zvakanaka, wangoverenga mashoko ekupedzisira mubhuku; ayo akati, “Uye John naMary vakararama vachifara kubva ipapo nariinhi.” Unotanga kufungisisa, “Ko ndiani John, uye ndiani Mary?” Ndizvozvo here? Zvino, panongove nenzira imwe chete yekuwana kuti John naMary vaiva vana ani, dzokera kwekutanga kwebhuku, wotanga kuverenga. Ndizvozvo here?

103 Zvakanaka zvino, ichi chitsauko chekupedzisira chaMateo. Kana riri bhuku rekupedzisira raMateo, Iye akati, “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza nemuZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” uye “Baba” harisi zita, uye “Mwanakomana” harisi zita, ne “Mweya Mutsvene” harisi zita, ndivana ani?

104 Zvino, ngatizvitorei mangwanani ano pahwaro humwe chete hwataigona kushandisa pana John naMary. Ngatidzokerei kumashure kune kwekutanga kwaMateo kuti tione. Vhurai muchidzokera kumashure kuchitsauko chekutanga chaMateo, zvadaro, zvaringana. Toona kuti John naMary ndivana ani vakazorama vachifara kubva ipapo nariinhi.

Kwasara nguva yakawanda zvakadii? Oo, zvakanaka, zvakanaka.

105 Zvino, zvino ndinoda kukuvhunzai imi hanzvadzi chimwe chinhu, pamunenge makanditarisa, imi hama. Ndiani aiva Baba vaJesu Kristu? NdiMwari. Ndizvo here? Ko Mwari aiva Baba vaKe here? Zvakanaka, changamire; Mwari ndiye Baba vaKe, tose tinowirirana pane izvozvo. Ndinotenda nemoyo wangu wese kuti Mwari ndivo Baba vaIshe wedu Jesu Kristu. Zvakanaka, zvino, tiri kuzoona kana Bhaibheri richiti Mwari ndiye Baba vaKe.

106 Zvino, Jesu akati, “Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza nemuZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Ndiri kuisa mabhokisi matatu aya emarekodhi pano. *Ava* ndiBaba, *uyu* ndiMwanakomana, *uyu* ndiMweya Mutsvene. Zvino, mu—muri kuona zvakanaka here?

107 Zvino, ndinoda, ndiri kuda kuzongokuvhunzai kweminiti, kuti ndione kana mateerera zvandataura. Ko *uyu* ndiani nechepano apa? [Ungano inoti, “Mweya Mutsvene.”—Mupepeti] Mweya Mutsvene. Ko *uyu* ndiani nechepano apa? [Ungano inoti, “Baba”.] Ko ndiani *uyu* pano? [Ungano inoti, “Mwanakomana.”] Zvino, *uyu* Ndiani? [Ungano inoti, “Baba.”] Zvakanaka, ndanga ndichingoda kuona kana ma—kana manga muri kuzvibata zvakanaka zvino. Zvino, zvino, *uyu* Mwanakomana waMwari, ndizvo here? Zvakanaka, zvino, *uyu* pano ndiani? [Ungano inoti, “Baba.”] *Ava* ndiBaba vaIshe Jesu Kristu. Ndizvozvo here? *Ndivo* vaiva Baba vaKe. Ndinotenda kuti Iye akaberekwa nemhandara, Mwanakomana asina kusvibiswa waMwari mupenyu.

108 Mwari, Baba vedu, anova Mweya mukuru usina kumbobvira...Aiva...asina kumbobvira ava nechimiro, zvakare. Muri kuona, Aiva—Aiva Mwari. Aingova...Aivapo pasati pava nenyeredzi, morekuru, kana atomu, kana chero chimwewo chinhu. NdiMwari vanozadza nguva yose, nenzvimbo. Iye ndewe muna Ziendanakuenda. Ndinotenda kuti Jesu Mwanakomana waMwari wechokwadi uye mupenyu. Zvino ndiye Munhu *uyu* ari pano apa, uyo wandanyora pabhokisi

rino; Baba. Ndizvo here? Uye *uyu* ndiMweya Mutsvene, uye *uyu* ndiMwanakomana.

109 Zvino, ngativerengei Mateo 1. Zvino, tava kutanga:

Bhuku rezvizvarwa *zvaJesu Kristu, mwanakomana waDhavidhi, mwanakomana waAbrahama.*

Abrahama wakabereka Isaka; . . . Isaka akabereka Jakobho; . . . Jakobho . . . Judha nehama dzake;

Rinodzika richitaura madzinza. Zvino, kuti tichengetedze nguva yedu, tichadzika uye madzinza anopera shure . . . uye . . .

Naizvozvo zvose . . . (Kubva pandima 17.) Naizvozvo zvizvarwa zvose kubva . . . zvizvarwa zvose kubva kuna Abrahama kusvikira kuna Dhavidhi zvaiva zvizvarwa zvine gumi nezvina; . . . kubva kuna Dhavidhi kusvika pakutapwa kweBhabhironi zvizvarwa gumi nezvina; uye kubva pakutapwa kweBhabhironi kusvikira kuna Kristu zvizvarwa gumi nezvina.

Zvino:

Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kudai: Apo . . . Maria amai vake vakati vatsidzirana naJosefa, vasati vasangana (Muri kuverenga neni here, Hanzvadzi Sewell?), vasati vasangana, wakaonekwa ava nemimba yaMwari Baba.

110 Ndiri . . . ko nda . . . Ndiri kuverenga zvakanaka here? Oo, ndakanganisa here? Akawanikwa ava neMimba yaAni? [Mumwe munhu anoti, “Mweya Mutsvene.”—Mupepeti] Zvakanaka, ndichadaro. Zvino, Baba vaKe ndiAni? Imi mati *uyu* aiva Baba vaKe, zvino Bhaibheri rikati *uyu* ndiye aiva Baba vaKe. Akawanikwa ane Mimba, kwete yaMwari Baba. Mwari Baba vakanga vasinei nechokuita nazvo. Aiva Mwana weMweya Mutsvene. Ndizvozvo here?

Ngationei kana zvichiri kuverengeka zvakanaka. Zvimwe takanganisa. Ndima 19:

Zvino Josefa murume wake, zvaakanga ari munhu wakarurama, . . . asingadi kumunyadzisa pachena, wakafunga kumurega chinyararire.

Zvino wakati achifunga pane izvozvo, tarira, mutumwa waShe akazviratidza kwaari pakurota, achiti, Josefa, iwe mwanakomana waDhavidhi, usatya kutora Maria mukadzi wako: nokuti icho chakaumbwa maari ndechaMwari Baba vedu. [Mumwe munhu anoti, “Kwete, ‘ . . . chakaumbwa maari ndecheMweya Mutsvene.”—Mupepeti] (Oo! Um-hum.)

111 Zvino, zvino, saka ndeUpi weava anova Baba vaKe? Zvino, kana Mweya Mutsvene ari Baba vaKe, zvino Jesu akati Mwari ndivo vaiva Baba vaKe, zvino, ko Iye mwana weupombwe

here? Aigona kuve Akadaro here? Ko vanamwari vaviri ava vaigona kuita mwana mumwe chete here? Kana zvakadaro, Aiva mwana wehupombwe. *Asiri pamurawo*, zvino, ndi—ndiro shoko riri nani, asi sho- . . . shoko racho chairo rinoreva, “mwana wehupombwe.” Zvakanaka, zvino kana Iye ari mwana akaberekwa nehupombwe, saka ko tiri—ko tiri papi muruponiso? Kana Mwari Baba vaiva Baba vaKe, zvino Bhaibheri roti Mweya Mutsvene ndiwo Baba vaKe, saka ndepapi . . . chimwe chinhu chakatsveyama zvekare, ndizvo here? Maona? Iwe—iwe . . . Pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Zvino, ticha—tichaita sei?

¹¹² Tiri kunamata mwana akaberekwa zviri kunze kwemutemo, nevanaMwari vaviri here? Mumwe Mwari wacho ndiye, ainzi, aiva Baba vaKe, uye zvararo bha—Bhaibheri rakati pano, kana kuti, Shoko raMwari rinoti Mweya Mutsvene ndiwo waiva Baba vaKe. Uye Jesu akati Mwari ndivo vaiva Baba vaKe, uye nedzimwe nzvimbo muBhaibheri dzakati Mwari ndivo vaiva Baba vaKe, uye dzichiMudana kuti Mwanakomana waMwari, uye Mwari Baba, uye zvino, Mwari Mweya Mutsvene.

¹¹³ Oo, vanhu veTiriniti vakapofomara, vanonzwisa urombo! Ko handiti, sho—shoko rekuti *tiriniti* hariwanikwe zvachose muBhaibheri, harimo kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa. Hamuna chinhu chakadaro. Havasi vanaMwari vatatu; mahofisi matatu aMwari mumwe chete. Mwari Baba vari muShongwe yeMoto, Mwari Mwanakomana akaratidzwa munyama kuti abvise chivi, naMwari Mweya Mutsvene ari matiri iye zvino, pano. Chokwadi. Chokwadi. “Ndichava nemi, kunyangwe mamuri.” Maona? Havasi vanaMwari vatatu; ndiMwari mumwe chete.

¹¹⁴ Zvino, zvino tarisai. Muri kuzofanirwa kubvuma kuti Mweya Mutsvene ndiBaba vaKe. Ndizvo here? Ko Mweya Mutsvene ndiBaba vaKe here? Bhaibheri rinodaro here? Zvakanaka, tarisai pano; regai ndi—regai ndizviverenge zvekare. Zvino, regai . . . [Imwe hanzvadzi inoti, “. . .? . . . kuti Mwari ndiye Baba vaKe.”—Mupepeti] Ndizvozvo chaizvo. Zvakanaka, zvinoka, kana Bhaibheri richiti Mweya Mutsvene ndiye Baba vaKe, Mweya Mutsvene naMwari Munhu mumwe chete, kana kuti Aiva navanababa vaviri. Ndizvo here? [Imwe hanzvadzi inoti, “Mucharega kuva nechokuita netiriniti iya.”—Mupepeti] Heyo yazvibata, ndizvozvo. Zvabhururuka zvichienda zvino, muri kuona. Zvakanga zvisina kudaro pamavambo. Zvakanga zvisina kudaro. Munoono kuti—kuti zvinofanira kuuya sei nechizaruro? Maona?

¹¹⁵ Zvino, zvino pamwe Mwari ndivo vaiva Baba vaKe kana kuti Vakange vasiri Baba vaKe. Uye Mweya Mutsvene ndiwo waiva Baba vaKe, kana kuti Waiva usiri Baba vaKe, kana kuti Bhaibheri rinotaura nhema. Saka, kuti tiite kuti chizaruro chinge chakarurama, uye kuti tione kuti Petro aiva nechizaruro

chimwe chete sechandinacho pamusoro pazvo, zvino, onai: Zvino, Mwari Baba neMweya Mutsvene Mweya mumwe chete, kana kuti Aiva navanababa vaviri. HaAigona kuberekwa naMwari Baba, mumwe Mweya, uye naMwari Mweya Mutsvene, mumwewo Mweya. Saka Ainge akabatwa pamuviri ruviri. Maona? Saka haAigona kuva akadaro. Hazvimbogoni kuve zvakadaro. Zvinototi mumwe ave iye wacho, kana mumwe wacho ave iye wacho.

¹¹⁶ Kana kune vanaMwari vatatu, uye vanaMwari vaviri ava, kana kune vanaMwari vaviri, mumwe, Mwari Baba, uye mumwe, Mwari Mweya Mutsvene, ndeupi wavo chaiye aiva Baba vaKe, zvino? Muvhunzo? [Imwe hanzvadzi inoti, “Tichatora, ‘Mweya Mutsvene naMwari kuti chinhu chimwe chete.’”—Mupepeti] Zvino mazvibata. Hezvoka kwamuri. Zvakanaka, zvino mumwe chete. Zvakanaka, zvino ngatirambei tichiverenga.

Zvino, tichasvika patinoona kuti Mateo 28:19 chii.

Zvino, regai ndiriverenge zvekare zvino, ndima 18:

Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu... kudai: Apo... Maria amai vake vakati vatsidzirana naJosefa, vasati vasangana, wakaonekwa ava nemimba yeMweya Mutsvene.

Zvakanaka.

Zvino Josefa murume wake, zvaakanga ari munhu wakarurama, ... asingadi kumunyadzisa pachena, wakafunga kumurega chinyararire.

Zvino wakati achifunga pane izvozvo, tarira, mutumwa waShe akazviratidza kwaari pakurota, achiti, Josefa, iwe mwanakomana waDhavidhi, usatya... tora Maria mukadzi wako: nokuti icho chakaumbwa maari ndecheMweya Mutsvene.

Zvakanaka, tinovaita vaviri, saka, anofanirwa kuva ari mumwe chete wacho.

Zvakanaka.

Uye uchazvara mwanakomana, uye ugomutumidza zita rinonzi... (Chii? Uyu ndiye Munhu wacho, Jesu, zvakanaka.) ugomutumidza zita rinonzi JESU: nokuti ndiye uchaponesa vanhu vake pazvivi zvavo.

Zvino... zvose izvi zvakaitwa, kuti zviitike zvakarehwa naShe kuburikidza nemuporofita, achiti,

Tarira, mhandara ichava nemimba, uye ichazvara mwanakomana, uye vachamutumidza zita rake rinonzi Emanueri... (Ndizvozvo here?) kana zvichidudzirwa... Mwari anesu.

¹¹⁷ Zvino, ko nderipi zita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene? [Imwe hanzvadzi inoti, “Mwari.”—Mupepeti] Kwete,

mwari “chinhu chinonamatwa,” hazvisi here? Ko ati kudii? Zita rake richanzi...[“Jesu, kana Emanueri.”] Ndizvozvo chaizvo. [“Jesu.”] Ko Zita rake rainzi ani? [“Emanueri.”] *Emanueri* idudziro yokuti, “Mwari anesu,” muri kuona. Izvozvo zvinongoreva kuti, “Mwari anesu.” Maona? Izvozvo hazvirevi kuti . . . panogona kuva nechero mhando yamwari anesu, muri kuona. Asi izvi zvadudzirwa . . . Asi ko Zita raMwari uyu anesu ndiani? [“Jesu.”] Zita rake richanzi [“Jesu.”] Jesu.

118 Zvino apo Petro paakati . . . apo Mateo paakati muvabhabhatidze nemu . . . Zvino chii . . . Mary naJohn ndivana ani, vakararama vachifara kubva ipapo nariinhi? Maona? Muri kuona kuti ndiani? Apo Petro paakatendeuka akati, “Mubhabhatidze nemuZita ra . . . Tendeukai mubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu,” zvakanaka, akaita chaizvo izvo Mateo . . . Dai akati, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” zvingadai zvisina kunyatsorurama pamafungiro.

119 Zvino, “Ko sei muchibhabhatidza, Hama Branham, nemuZita ra . . . raJesu Kristu?” Zvino, ngatizarurei kuno uku zvino uye tichazocherechedza. Zvino, ndiani aiva nekiyi dzeHumambo? [Mumwe munhu anoti, “Petro.”—Mupepeti] Ndiani akataura paZuva rePentecosti, zvino, akati, “Tendeukai mubhabhatidzwe mumwe nemumwe nemuZita raJesu Kristu?” [Mumwe munhu anoti, “Anofanirwa kuva ari Petro, handizvo here?”] Zvakanaka, zvino makiyi ndokukiya, “Zvamasunga panyika, Ndichazvisunga kuDenga.” Ndizvozvo here? “Zvamunosunungura panyika, Ndichazvisunungura kuDenga.” Ndizvozvo here?

120 Zvino, marudzi mangani aripo epanyika? Matatu: Hamu, Shemu naJafe . . . vanhu vaShemu naJafeti. Zvino, ndiye muJudha, Murudzi nemuSamaria, munoona. Zvakanaka, vose vakabuda kubva pane ivo vanakomana vatatu, kana . . . Zvakanaka, Mwari vandiregerere, kutaura kuti, “Kana Bhaibheri rakarurama.” Ndizvozvo zvakanaka . . . Nyika yose yakaparadzwa kusara kweivo—ivo vakomana vatatu. Ndipo—ndipo chaipo pakabva zvizvarwa zvedu.

121 Zvino, vachenjeri vatatu vakauya kuzoona Jesu. Vanonzvera nyeredzi anoti ivo, vaitevera nyeredzi nhatu dzakasiyana, uye nyeredzi nhatu idzi dzakauya pamwe chete dzikaita nyeredzi imwe chete. Muri kuona? Uye vatatu chinhu chimwe chete, nguva dzose. Maona?

122 Zvino, hunhu hutatu hwaMwari hunoita Mwari mumwe chete. Haasi Mwari Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Havasi vanaMwari vatatu. Jesu . . . Firipo akavhunza muvhunzo iwoyo, “Ishe, tiratidzei Baba, uye zvichatiringana.” Johane 14.

Iye akati, “Ndanga ndinewe nguva yese yakareba, Firipo, hauNdizive?” Iye akati, “Kana uchinge waona Ini, waona Baba.”

123 Zvino, ndakange ndichitsanangura izvi kune mamwe madzimai rimwe zuva, zvino mumwe mudzimai aka... saka, akati, “Chimbomirai zvisihoma, Hama Branham.” Akati, “Vamwe chete. Ndizvozvo.” Akati, “Ndizvo zvamunongove imi nemudzimai wenyu, mumwe chete.”

Ini ndikati, “Asi Ivo imhando yakasiyana yeMumwe chete.”

Uye iye ndokuti...ini ndikati...“Oo,” iye akati, “kwete, Vanongove vamwe chete sezvamuri imi nemudzimai wenyu, muri mumwe.”

Ini ndikati, “Oo, kwete, munoona,” ndikati, “uri kundiona here?”

Iye akati, “Hongu.”

Ndikati, “Uri kuona mudzimai wangu here?”

Iye akati, “Kwete, handitombomuzivi.”

124 Ini ndikati, “Zvino Jesu akati, ‘Kana uchinge waNdiona, waona Baba.’” Saka ndakati, “Ivo, saka Ivo—Ivo Vamwe chete zvemhando yakasiyana.” Maona? Ndikati, “Uri kundiona, asi hausi kuona mudzimai wangu. Asi kana uchinge waona Jesu, waona Mwari.” Airatidza Mwari. Aiva Mwanakomana akaberekwa nemhandara. Uye Mwari Baba, anova Mweya, aigara maAri.

125 Zvino, vanhu—vanhu vakawanda veTiriniti vanoedza kuti...Ndakanga ndichiita gakava nezvazvo kwete nguva yakareba yapfuura. Ndakaona kuti hapana chakanaka chazvinoita, nokuti hapana munhu anokwanisa kuuya kuna Mwari kunze kwekunge Mwari vakafanomuziva uye vakamudana nyika isati yavambwa. “Avo vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri,” ndizvo zvakataurwa naJesu. Maona?

126 Zvino murume uyu akaedza kutaura kuti...Aiva we—weTiriniti, zvakanyanya kwazvo, zvino akamira pamberi pekirasi uye iye akati, “Shamwari dzangu dzinokosha,” akati, “Hama Branham ndemumwe wevarume vakanakisa kwazvo.” Munoona, unobva waona pakare ipapo, ndakaziva kuti pane chimwe chinhu.

Jesu akati, “Imi vanyengeri, ko mungataure sei zvinhu zvakana? nokuti kubva muhuzaro hwemoyo muro mo unotaura.” Maona?

127 Uye saka, achingoedza kuti awane kufarirwa nevanhu, iye akati...Uyu aiva murume weChurch of Christ, uye, weinongonziwo Church of Christ. Ndizvozvo vanopesana nedzidziso dzese dzechokwadi dzeBhaibheri, potse, uye haugone kuvadana...Handireve kungotaura chero chinhu chinopesana nevanhu vari imomo, asi vashumiri vacho ndizvo zvavari, kana—kana mukaregerera chitaurwa, “Zvakafanana nezizi remunhu wechiIrish: kungofurufusha neminhenga, ipo pasina zizi racho.”

Saka ndizvo zvazvakada kungove zviri, muri kuona, kungove . . . ha—havana chekumira pachiri, saka, muFarise wanhasi.

¹²⁸ Zvino, iye akati, “Asi Hama Branham vanga vakaita sekunge, munhaurirano iyi,” akati, “vachizvonyongoka vachibuda mune zvinhu zvose, segonye riri mundimu.” Asi ndokuti, “Ndinoda kuti ivo vazvonyongoke vachibuda mune izvi.” Uye saizvozvo vose vanoita mutambo wegakava vanochengetera pfungwa yavo hukuru kwekupedzisira kwacho. Saka zvadaro iye akati, “Parubhabhatidzo muna Mateo 3, kuiswa pachena kwevanhu vatatu, zvirokwasvo vanhu vatatu vakanyatsosiyana: Mwanakomana akamira pamahombekombe; Mweya Mutsvene, wakaita senjiva, uri pakati pavo; Mwari Baba, vachitaura kubva Kudenga.”

Ini ndikati, “Changamire, ndiyo pfungwa yenyu huru here?”

Iye akati, “Ndinoda kukunzwai muchizvonyongoka kubva mune iyoyo.”

¹²⁹ Ini ndikati, “Changamire, imi ingozvonyongokai muchidzoka kumashure moverenga Gwaro, nenzira yaRinoverengwa naro.” Ndikati, “Ndicho chinhu chega; muri kungoverenga Gwaro zvisiri izvo kuvanhu.” Ndikati, “Izvozvo zvakatetepa kupfuura muto wakagadzirwa nemumvuri wehuku yakaziya nenzara kusvika pakufa.” Ndikati, “Nhai, uri kungo . . . uri—uri—uri kungozviita nenzira isiri iyo, hama. Uri kuriverenga zvisiri izvo kune vanhu.” Uye ini ndikati, “Zvino, tarira pano zviri kutaurwa nehama.”

¹³⁰ Zvino, ndichazvitora seizvi, *seaya* andinawo: Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Zvino, *iri* pano ndiro rinenge riri Mweya Mutsvene, *iro* rakanyorwa kunzi, “Mwanakomana,” *iri* rakanyorwa kunzi, “Baba.” Zvino, tarirai kuti vanopaverenga sei: “Apo Jesu paainge abhabhatidzwa . . . ipapo akabva abuda mumvura: tarira, matenga akazaruka kwaAri, akaona Mweya waMwari, senjiva, uchidzika, uye Inzwi richibva kuDenga, richiti, ‘Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, uyo waNdinofarira kugara maAri.’” Ndikati, “Munoona, mifananidzo mitatu yakanaka: Mwanakomana ari panyika, Mweya Mutsvene senjiva uri pakati, uye Baba vachitaura kubva kuDenga.” Muri kuona kuti dhiyahore anogona kumira ipapo sei wonyengera munhu, kana usina chizaruro chaMwari, kana Mwari vakasatiitira tsitsi? Tinofanira kutenda zvakanyanza.

¹³¹ Akaita kuti iroro ritaure zvimwe zvinhu zvarisina kutaura, sezvakangoita Mateo 28:19, woaita kuti areve zvaakange asiri kutaura. Haana kumboti, “Vabhabhatidzei . . .” Haana kumboti, “Bhabhatidzai nemuzita raBaba, nemuzita reMwanakomana, zita reMweya Mutsvene.” Akati, “Muvabhabhatidze nemuZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” rinova Jesu Kristu. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

¹³² Zvino, ngatitorei muenzaniso uyu. Zvino, regai tione. Muri kunyora Magwaro pasi, Mateo 3 ipapo, ndima nhatu kana in dzekupedzisira. Zvino.. [Mumwe wemadzimai anotaura—Mupepeti] Zvakanaka, izvozvo zvakanaka, achariwana uye unokwanisa kunorinzvera kana wasvika.. Ndiri kukupai Magwaro kuitira kuti muzorinzvera muri mega. Zvino, tarisai, cherechedzai.

¹³³ Zvino, vanoti uyu aive Mwanakomana aiva akamira pamahombekombe; uyu ndiMwari Mweya Mutsvene, senjiva, pakati pavo; uye Mwari Baba vaitaura kubva Kudenga. Zvino, zvinotaridzika sekuti izvozvo zvinozozviita kuti zvive manzwi matatu chaiwo akasiyana achibva kunzvimbo nhatu dzakasiyana. Zvino, cherechedzai. Zvino, apo Jesu paakabhabhatidzwa..

¹³⁴ Zvino, tinocherechedza kuti *matenga* aiva.. zvinoreva “kumusoro, nzvimbo dzemuchadenga,” chero zvazviri, muchadenga. Zvino, “Apo Jesu paakabhabhatidzwa, ipapo akabva Abuda kubva mumvura: uye, tarira, matenga akazaruka kwaAri, zvino akaona Mweya waMwari..” Ndafunga kuti vakati Mwari vaiva kumusoro kuDenga vachitaura. “Mweya waMwari senjiva..” Njiva yaiva Mwari. Maona? Tichangobva mazviri pano. Mweya Mutsvene naMwari Munhu mumwe chete. Maona? Rinongova dunhurirwa kwauri. Maona? Uye akaona Mweya waMwari. Kwete mumwe Mwari kumusoro Kudenga achitaura, asi Mweya waMwari waiva muchimiro chenjiva. Uyu aiva—uyu aiva Mweya Mutsvene uye aiva Mwari, chinhu chimwe chete, maona?

¹³⁵ Mweya waMwari, senjiva, wakaburuka, uye Inzwi rakabva Kudenga, iro raiva pamusoro paKe, richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, uyo waNdinofarira kugara maAri.” Zvirokwazvo, dudziro chaiyo (Vakaita kuti chiito chive kumashure kwechirevo, sezvinoita vese vekunze.) kuti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, waNdinofarira kugaramo maAri.” Kana kuti, “WaNdinofarira kugara.” “WaNdinofarira kugara maAri.” Aiva Mwari achiuya muna Jesu, uye maAri maiva neHuzaro wehuMwari mumutumbi. Zvino havo venyu Baba, Mwanakomana neMweya Mutsvene: nemuZita raJesu Kristu.

¹³⁶ Chokwadi. Muri kuzvibata here? Hapana—hapana nzvimbo muBhaibheri, inotaura nezvevatatu, vachiva vanamwari vatatu. Hakuna chinhu chakadaro. Zvirokwazvo ichocho chihedheni. Zvakabva pachihedheni. [Imwe hanzvadzi inoti, “Zvakanaka, izvozvo zvinobva zvabvisa tiriniti iya.”—Mupepeti] Hongu. Zvakanaka, chokwadi, iyo.. ipapo.. vano.. zvakangofanana—zvakangofanana pakushaya hwaro sezviri gehena. Maona? Hakuna chinhu chakadaro. [Imwe hanzvadzi inoti, “Billy Graham anoda izvozvo.”] Mati kudii? [Hanzvadzi inodzokorora, “Billy Graham anoda izvozvo.”]

Zvakanaka, haangadaro...?.?.izvozvo. [Hanzvadzi inoti, “Ndanga ndichizvidawo zvekare...?.?.”]

¹³⁷ Tarisai, teerera. Zvinozarurirwa kune avo vanodanwa naMwari uye vakafanotemerwa kuburikidza nekufanoziva kwaVo. “Makwai Angu ose anonzwa Inzwi raNgu.” Maona? Tarisai maJudha akamira ipapo, vari sevadzidzi sekukwanisa kwavangangoita, uye Jesu achivaratidza kuti Aiva Mesia nechiratidzo chaMesia. Ivo vakati, “Iye ndiBherizebhabhu.” Ko sei...? Vaiva vakapofomadzwa. Hongu, uye mumwe mufudzi mudiki asingatardzike zvakanaka kana mu—kana muredzi wehove zasi kurwizi, akati, zvakanaka, vaiMuziva. Maona? Iye aingova...Mwari vane nzira yekuita nayo zvinhu uye isu tinongofanira kuti tienderane nenzira yaKe. Ini...Ingova nokutenda kuti meso ako anokwanisa kuva akazaruka kuti uone chokwadi.

¹³⁸ Zvino, ndinopikisa chero ani zvake (kwete kuti—kwete kuti tiite gakava), anokwanisa kuuya kwandiri ogara pasi uye ondiratidza *tiriniti* nguva imwe chete zwayo muBhaibheri, kana kuti apo pane vanamwari vatatu. Kana ukandiratidza vanamwari vatatu, ndichakuratidza kuti tiri murima, uye vasingatende, uye mahedheni. Pana Mwari mumwe chete bedzi.

¹³⁹ Mwari, Mwari Baba, chokwadi tinotenda mune izvozvo. Vaiva kumusoro pamusoro pezvose, pamusoro pegomo iri; apo paAkadzika pagomo kumusoro uko, handiti, kunyangwe kana...zviri sekuti mombe ikagunzva gomo, yaifanira kuurayiwa: Mwari Baba. Asi Ivo vaida kuyanana zvekare nemunhu waVo. Ivo vari kuedza kudzosa munhu kunzvimbo yeEdheni uko kwaakarasika. Maona?

¹⁴⁰ Zvino, chinhu chinotevera chaAkaita, ipapo Mwari Baba vakafukidzira mhandara yainzi Maria. Uye chizenga cheropa (Munoziva izvi, nekuva mukoti.), uye chizenga cheropa chinobva kumurume. Zvino mumwe munhu akati, “Takaponeswa neropa rechiJudha.” Hamuna kana rubanzu rumwe chete rweropa raamai mumwana mucheche. Mwana anogara muropa raamai, asi chizenga cheropa chinobva kune munhurume. Saka Aiva asiri muJudha kana Murudzi; Aiva Mwari, Ropa rakasikwa, kwete nechishuvo chepabonde, asi Ropa rakasikwa. Muri kuona zvandiri kureva? Uye saka, Ropa raMwari rakatiponesa, Ropa risina kusvibiswa.

¹⁴¹ Iye Akazvisika. Ndinoreva kuti Akashandura chimiro chaKe kubva pakuva Mwari achiva munhu ndokuuya pasi, akaberekwa nemhandara, Maria; uye Mweya Mutsvene (unova Mwari, Baba vaKe vakamufukidzira) wakaburuka ukawaridza tende yaWo ukagara nesu uri muchimiro chemunhu. Ndiye Mwari Mwanakomana, Mwari mumwe chete aiva Mwari Baba. “Handisi iNi anoita mabasa. NdiBaba vaNgu vanogara

maNdiri; ndiVo vanoita mabasa.” Maona? [Imwe hanzvadzi inoti, “. . . ndivo vari mandiri.”—Mupepeti] Ndizvozvo chaizvo.

¹⁴² Baba vanogara, vari mukati, vanorarama. “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, uyo waNdinofarira kugara maAri.” Mateo 3. Maona? “Uyo waNdinofarira kugara maAri. Ndinofara kwazvo kugara mune Uyu.” *Kugara*, ndiko, “kutora hugaro, kupinda mumba wogaramo.” “MaAri maiva nehuzaro wehuMwari mumutumbi,” zvinotaurwa neGwaro. Ndizvozvo, chimiro chinoonekwa chaMwari asingaoneke. Zvino, heuno Uyo. Zvino, ndivo Mwari Baba, Mwari Mwanakomana.

¹⁴³ Uye zvino, kuburikidza nekupamura chizenga cheropa ichocho. . . Apo muprisita wekare muTestamende Yekare, ari pasi pehurongwa hwekare, mutadzi aiunza gwayana, oisa maoko ake pagwayana, huro yaro yochedwa, nokuda kwekuti iye ainge atadza, zvino gwayana iri raifira chivi chake. Zvino, chikonzero aibuda kunze, zvinotaurwa naVaHebheru, aine chishuwo chimwe chete chaaiva nacho paakapinda (Kana ainge aita hupombwe, aibuda achidzokera aine chishuwo chimwe chete; kana ainge auraya, aibuda achidzokera, ane chishuwo chimwe chete, ruvengo.), nokuti chizenga cheropa regwayana icho pachaipamurwa, chizenga cheropa ichocho chaiva mugwayana chaiva hupenyu hwemhuka, hawaigona kudzoka wogara muhupenyu hwemunhu, nokuti hupenyu hwemhuka hauna munhu wemukati, asi hupenyu hwemunhu hune munhu wemukati. Maona?

¹⁴⁴ Mhuka haina munhu wemukati. Haizive chakanaka kubva pane chakaipa. Haifanirwe kupfeka mbatya kuti ifukidze kusasimira kwayo; uye nokutaura mashoko akaipa, uye munoziva zvandiri kureva. Maona? Ha—hadzizvizive. Dzakawa nokuti dziri pasi pedu. Maona? Vanhu vari pamusoro pehupenyu hwemhuka, nokuti ivo—ivo ndivo mwari wehupenyu hwemhuka. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁴⁵ Zvaiva zvakadaro, pamavambo, nokuti Adhama akadzipa mazita uye aiva nesimba pamusoro padzo. Genesi 1:26, aiva nehutongi pamusoro penyika yose. Aiva—aiva akasikwa ari muchimiro chaMwari uye akaitwa kuti ave mwa—mwari mudiki. Jesu akadaro. Akati, “Ko murawo wenyu hauna here kuti muri vanamwari? Uye kana vachivati vanamwari avo vaivingwa neShoko raMwari, vaiva vaporofita, ko Ini munoNdipomerei paNdinoti Ndiri Mwanakomana waMwari?” Munoono, hezvoka izvo.

¹⁴⁶ Zvino, zvino, mune izvi, Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. . . Zvino, shure kwekunge Agara muShongwe yeMoto, zvadaro ndokuburuka Akazvigadzirira mutumbi, Akazviunza zasi mutende renyama yemunhu akagara imomo, pakati pedu; Mwari achigara. Timotio WeKutanga 3:16: “Pasina kupokana,” Pauro achitaura, “chakavanzika chehumwari chikuru: nokuti

Mwari vakaratidzwa munyama, akaonekwa ne...” Hongu, Musiki akava Muponesi. Murwiyo rwukuru rwakanyorwa naBooth-Clibborn: “Musiki mukuru akazova Muponesi wangu, uye huzaro hwose hwaMwari hunogara maAri.” Maona?

¹⁴⁷ Zvino, cherechedzai. Baba, zvadaro Iye akava Baba, ari kure-kure pamusoro pedu. Hataigona kumbosvika munharaunda yekwaAiva ari. Zvadaro Akazova Mwanakomana, kuti tigone kuMubata, kuMunzwa. Aiva Munhu. Uye zvadaro Akapa Hupenyu hwaKe. Chizenga cheRopa ichocho chakapamurwa nepfumo remuRoma ane utsinye, akazara nezvivi, apo parakabaya mwoyo waKe. Uye, chaizvoizvo, mwoyo wakaputsika ndiwo wakaMuuraya; mvura pamwe neRopa raKe zvakaparadzana. Kusuwa kukuru kwakapamura Chizenga, nekusuwa kukuru, nekuda kwechivi cherudzi rwevanhu. Taiwanzoimba rwiyo rwudiki:

O, rudo rwakakosha sei urwo Baba
Vaiva narwo kurudzi rwaAdhama rwakawa,
Vakapa Mwanakomana waVo ega kuti
atambudzike,
Zvino ndokutidzikinura isu nenyasha dzaVo.

¹⁴⁸ Zvino, ipapo Chizenga cheRopa chiye chakapamurwa. Zvino kana tikaisa maoko edu nekutenda paGwayana riya raMwari riri kudedera, tonzwa nyama yaKe ichigwina-gwina pamwe nekuzunguzika kuitira isu, uye maoko edu obva agezwa neRopa raKe, nemunhu wedu wemukati, Hupenyu hwaiva maAri hwakanga husingori hwemunhuwo zvake, Hwakange husiri hwemhuka zvekare, Hwaiva Mwari, saka Hupenyu ihwohwo hunodzoka pane anenge akacheneswa, uye obva ava mwanakomana kana mwanasikana, akaberekwa naMwari, munoona, Hupenyu hwaMwari. Uye tiri vanakomana nevanasikana vaMwari kuburikidza nekupamurwa kweChizenga cheRopa chiye, Jesu Kristu.

¹⁴⁹ Zvino, chinombove chii zvino? Mwari vadzoka muvanhu vaVo, vachiyana sezvaVaiita mubindu reEdheni. Maona? Hezvoka izvo, vanakomana nevanasi-. . . Hazvina kunaka here? Imi, maona? Mwari achidzoka . . .

¹⁵⁰ Zvino, zvino, tava kuchipedza nezverubhabhatidzo; zvadaro ndinofanira kubva ndaenda. Zvino, kubva panguva iyoyo, zvino, nguva inotevera apo rubhabhatidzo rwakataurwa nezvaro, Firipo akaenda zasi akanoparidza kuvaSamaria. Mabasa 8, ndinotenda kuti ndiyo, hongu, Mabasa 8 (7, ndipo pakatemwa Stefano nematombo), ndinofunga kuti Mabasa 8, apo Firipo akaenda zasi, ndokuparidza kuvaSamaria. Uye vakanga vose, vabhabhatidzwa, mumwe nemumwe wavo, nemuZita raJesu Kristu; asi Mweya Mutsvene wakanga usati wawira pane mumwe wavo nazvino.

¹⁵¹ Petro aiva nemakiyi. Hongu, aifanira kuti azarure kuchizvarwa ichocho. Zvino paakaenda zasi, Mweya Mutsvene wakanga usati wawira pane mumwe wavo nazvino, asi vaiva vabhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu, Petro akaenda zasi, iye naJohane, vakaisa, Petro akaisa maoko pavari, vakagamuchira Mweya Mutsvene.

¹⁵² Zvino, zvadaro apo Petro aiva ari pamusoro pemba imwe nguva, kumba kwaSimoni musuki wematehwe, akaona chiratidzo. Nokuti Kornerio weMarudzi...Pane muJudha, muSamaria, zvino weMarudzi. Zvino Petro aiva pamusoro pemba, achimbokotsira zvishoma asati adya kuya kwamasikati, vachiri kugadzira kuya kwamasikati, zvino akaona jira richidzikiswa pasi. Mhando dzose dzemhuka dzakasviba, dzinokambaira kubva panyika dzaiva pariri. Uye zvadaro paakaita izvozvo, akanzwa Inzwi, richiti, “Simuka, Petro, uraya udye.”

Iye akati, “Hapana chakasviba chati chambopinda mumuromo wangu.”

Zvikanzi, “Usati zvakasviba izvo zvaNdinoti, kana kuti, zvamazuva ese uye zvakasviba izvo zvaNdinoti zvakachena.” Munoono, ava vaiva veMarudzi.

¹⁵³ Uye zvadaro paakabuda kubva muchiratidzo, paiva nevarume vaviri vaiva vakamira pagedhi, vachimudanira kuti vaende kumusoro. Zvino Akaudza, kana kuti, Mweya wakamuudza kuti, “Simuka uende. Usafunge pamusoro pechimwe chinhu, chingoenda navo.” Vakaenda kumba kwaKornerio.

¹⁵⁴ Akaunganidza...Kornerio aiva mukuru wezana, zvino ndokushevedza boka rake rose pamwe chete. Zvino vose vakange varimo imomo, uye Petro aivatsanangurira zvainge zvaitika, akataura...Uye Kornerio akamuudza kuti akange aona Ngirozi yakamuudza kuti aende zasi kunovhunza pamusoro pemumwe Simoni, ku—kumba kweimwe shamwari Simoni musuki wematehwe. Zvino Petro achiri kutaura mashoko aya, Mweya Mutsvene wakawira pane avo vainzwa Shoko. Zvino Petro ndokuti, “Ko tingadzivisa mvura here, tichiona kuti vagamuchira Mweya Mutsvene sezvatakaita?” Zvino ndokuvaraira kuti vabhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu.

¹⁵⁵ Zvino, Mabasa 19, kana muchida...NdiMabasa 10:49 apo, hanzvadzi, muri kurinyora pasi, munoono, Mabasa 10:49, zvakanaka, 10:47, zvichidzika kusvika kumagumo kwechitsauko, paverengei.

Uye zvadaro pavakasvika zvino pana Mabasa, Mabasa 19, rubhabhatidzo rwakataurwa zvekare. Pauro...Zvino, zvino izvi zvinoita kuti munhu wese...

¹⁵⁶ Zvino, nguva bedzi iyo rubhabhatidzo parwakamboitwa rwakaitwa naJohane Mubhabhatidzi, kutanga. Vaive

vakabhabhatidzwa ikoko. Ivo...Zvino, asi havana kubhabhatidzwa nemuZita raJesu, nokuti vakanga vasingazive kuti Iye Aiva ani ipapo. Maona? Zvino, asi zvino, apo... Jesu akati, Mateo 28:19, “Bhabhatidzai, muZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” uye akapa chitaurwa ichocho kumurume waAkanga apa makiyi, uyo aiva nechizaruro cheizvo zvose zvazvaireva, zvazarurwa kubva kuDenga.

¹⁵⁷ Ndizvo zvamuri kuwana iye zvino, chizaruro kubva Kudenga kuitira kuzvitwasanudza. Chinorova chipfuro kana ukangogara bedzi zvakanaka nacho. Chakanyatsonangiswa zvakanaka. Chakachirova ipapo. Petro aiva nechiratidzo, akanyatsochinangisa. Ichi chinozviitawo zvekare. Chinozvidzosa mukati chaimo zvekare. Pfuti ichipfura painofanira kupfura, zvino. Maona?

¹⁵⁸ Zvino, zvadaro Pauro aiva mu—aiva muapostora kune Marudzi. Ndizvozvo here? Aiva weMarudzi...Nokuti Mwari vakamutuma kune Marudzi. Zvino, zvino pano, munhu wese zvadaro akabhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu; munhu wese. MaJudha, vakabhabhatidzwa muZita raJesu here? Mabasa 2:38? VaSamaria, Mabasa 8? Vakabhabhatidzwa muZita raJesu here? Zvakanaka, Marudzi? Muna Mabasa 10:49? Vakabhabhatidzwa muZita raJesu, havana here?

¹⁵⁹ Zvakanaka, zvino, paiva nevanhu vakawanda vaimhanya-mhanya ipapo vakange vasina kubhabhatidzwa muZita raJesu, asi vainge vakabhabhatidzwa. “Ndinodaira kuti zvose zvichange zvakanaka zvino. Saka chingovasiyaika vakadaro, nokuti vakatobhabhatidzwa. Ko zvinoita musiyano wei?”

“Vakabhabhatidzwa naJohane,” vakadaro. Saka, ndizvo—saka, ndizvo, zvatinoda kuona zvino, tinoda kuona kuti izvi zvine basa here kana kuti hazvina. Mwari ngavarumbidzwe.

¹⁶⁰ Mabasa 19, Pauro achinge apfuura nemhenderekedzo dzekumusoro kweEfeso, akawana vamwe vadzidzi. Zvino, kwaiva nemumwe muparidzi wechidiki, muBaptisti kumusoro ikoko, uye zita rake rainzi Aporo, raiva, Aporo, waro. Uye aiva murume akachenjera kwazvo; zvino, Mabasa chitsauko 19. Uye aiva mu—aiva murume akachenjera kwazvo, zvino ai—airatidza neBhaibheri, semuBaptisti chaiye, kuti Jesu aiva Kristu, neBhaibheri. Uye vaiva ne—nerumutsiriro kumusoro ikoko, rumutsiriro rwakakura.

¹⁶¹ Zvino Pauro aiva aiswa mutirongo nekuda kwekudzanga dhimoni, kubva mune muuki, uye saka...iye naSairasi. Zvino umwe usiku vakatanga kunamata imomo nekuimba nziyo dzechitendero; uye Ishe vakaburuka, vakazunguzira tirongo pasi. Saka, zvadaro, shure kwekunge adzikinurwa, akaenda akanotora mukuru wezana akamubhabhatidza pamwe nemudzimai wake, setsika yaPauro. Ndizvozvo vakabhabhatidzwa muZita raJesu, uye zvadaro...

pavakamutora nemhuri yake kunovabhabhatidza. Uye zvararo Pauro akaenda hake nenzira yake.

¹⁶² Zvino iye akaenda kuna Akwira naPrisira, vaiva vagadziri vematende, shamwari dzake, vakatendeukira kuna Kristu. Uye vakanga vari kuenda kurumutsiriro urwu kumusoro kuno pamwe nemaBaptisti aya. Chitsauko 18 ndipo pamunoverenga izvozvo, chinongori chitsauko chimwe chete kumashure. Saka zvararo—saka zvararo Pauro akapfuura nekumhenderekedzo dzekumusoro kweEfeso. Iye ndokuwana vamwe vadzidzi. Vaive vadzidzi. Vaive maBaptisti, muparidzi akanaka nezvimwe zvose, achirahidza neBhaibheri, kuti Jesu aiva Kristu. Zvino iye ndokuti kwavari, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva pamakatenda?”

¹⁶³ Zvokuti iwe hama nehanzvadzi weTiriniti, mainyatsofarira kwazvo kuisa izvozvo mumaBaptisti; asi handizive kana tingakwanisa kuisako chimwe chinhu zvekare. Hmm. Munofarira kutaura kuti, “Zvino, imi maBaptisti, ndakafunga kuti imi makati makagamuchira Mweya Mutsvene apo pamakatenda. Pauro akati, ‘Ko makaUgamuchira here kubva pamakatenda?’”

Zvino vanhu ava vaiva vakatendeka. Ivo vakati, “Hatizive kuti kunombove neMumwe, chero hawo Mweya Mutsvene.”

¹⁶⁴ Zvino, kana zvisingaite mutsauko, shure kwacho, kwerubhabhatidzo, rubhabhatidzo rwemumvura rwusingaite mutsauko, saka sei muapostora uyu akavhunza muvhunzo uyu? Akati, “Saka, makabhabhatidzwa nerubhabhatidzo rwupi?”

¹⁶⁵ Oo, vanokwanisa kunge vakataura izvi: “Oo, takabhabhatidzwa,” ivo vakadaro, “takabhabhatidzwa nerubhabhatidzo rwaJohane, uye takagutsikana narwo kwazvo, murume mumwe chete akabhabhatidza Jesu Kristu, mugomba rimwe chete remvura.” Chokwadi, ndinodaira kuti dai iwe—iwe wakabhabhatidzwa naJohane mugomba rimwe chete chaimo umo Jesu, akabhabhatidzirwa, waizofunga kuti zvainge zvakanaka kwazvo, hawaizodaro here?

¹⁶⁶ Asi rangarirai, makiyi aiva akiya Kudenga. Petro akazviita paZuva rePentekosti. Hongu—hongu, changamire. Hongu, changamire. Maona? Ichakavanzika. Chakavanzwa zvino. “Chero chipi chamunosunga panyika, Ndichachisunga kuDenga.” Hechino chizaruro chacho. Zvinongouya bedzi kuburikidza nechizaruro chino. Muri kuona mbeu here?

¹⁶⁷ Pauro akati, “Asi irworwo harwuchashanda zvachose. Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvakamatenda?” iye akadaro.

Ivo vakati, “Hatizive, kuti kunombove neMweya Mutsvene.”

Iye akati, “Saka, makabhabhatidzwa nerubhabhatidzo rwupi?” kana kuti neimwe nzira, “makabhabhatidzwa sei?”

168 Ivo vakati, “Takatobhabhatidzwa kare. Oo, hongu, changamire. Hongu, VamuApostora Pauro, isu takabhabhatidzwa. Takabhabhatidzwa naJohane Mubhabhatidzi, chaimo mugomba remvura rimwe chete umo makabhabhatidzirwa Jesu Kristu. Kana aiva akanaka zvakakwana kuna Jesu kuti abhabhatidze, kana kuti, abhabh- . . . handiti iye, vakomana, ndinokutaurirai, iyeka akandinakirawo ini. Hareruya!”

Dai vakaita izvozvo, havaizombofa vakaUwana. Asi Pauro akati, “MakaUgamuchira here kubva pamakatenda?”

Ivo vakati, “Hatizive kuti kunombove neMweya Mutsvene.”

Iye akati, “Saka, makabhabhatidzwa nerubhabhatidzo rwupi?”

Ivo vakati, “RwaJohane.”

169 Iye akati, “Johane akabhabhatidza bedzi kusvikira pakutendeuka, achiti vaifanira kutenda kune Uyo aizouya, zvichirevera, pana Jesu Kristu.” Zvino pavakanzwa izvi, vakabhabhatidzawaze nemuZita raJesu Kristu. Izvozvo zvinounza boka *iri* uko kuboka *iri*. Zvino vakaturika maoko avo pavari, vakataura nendimi uye vakaporofita.

170 Zvino, ndinokutaurirai, kuti Gwaro rese muBhaibheri, munhu wese muBhaibheri, akabhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu. Ndinотора chero munhu upi hake, chero upi wezvenhorondo, kubasa iri: kana ukagona kundiratidza kachidimbu kamwe chete keGwaro apo chero munhu upi zvake akambobhabhatidzwa, muBhaibheri (chechi itsva, ndizvo, havana kubhabhatidzwa muTestamende Yekare, asi muTestamende Itsva), apo chero vanhu vakabhabhatidzwa nemuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, nzvimbo imwe chete hayo apo *izvozvo* zvakambodanwa pamusoro pavo kuti, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” zvadaro ndicharerutsa.

171 Uye kana iwe . . . uye ndichakuratidzai . . . Kana mukandiratidza chinyorwa chimwe chete cheGwaro apo chero munhu zvake akambobhabhatidzwa nemuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, kana kuti kachidimbu kamwe chete kenhorondo apo chero munhu hake akambobhabhatidzwa, kusvikira mukugadzwa kana kuti kuiswa muhurongwa kwechechi yeKatorike muna A.D. mazana matanhatu . . . 325 ndizvo, A.D. 325, mazana matatu nemakumi maviri nemashanu emakore mushure mevaapostora, munhu wese akaenderera mberi nekubhabhatidza nemuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, kana kuti, nemuZita raJesu Kristu kusvikira 325.

172 Uye zvadaro, vakagadzira sangano. Uye musangano iri, rinova Chechi yeKatorike ndiyo amai vemasangano ose, Mwari havana kumbobvira vakaita chechi yesangano, asi

imomo vakatsiva nemuzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, nokuti ndeveTiriniti. Uye zvadarwo vakava neboka rakakura rakaenda rakanyatsopinda mune zveTiriniti, uye neboka rakakura rakaenda ndokunyatsopinda muHumwe, apo mapoka maviri aya ose akatsveyama. Maona? Asi hapana... Uye chero munhu upi zvake anobhabhatidzwa achishandisirwa madunhurirwa iwayo aBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, vasingazive, vanenge vachibvuma kuti ivo maKatorike uye vachiramba izvo zvinotaurwa neBhaibheri.

¹⁷³ Zvino, hama dzangu, uye nemi muri kuteerera kutepi ino, “Ndiri—ndi—ndinoziva kuti kuburikidza nekusaziva munoita izvi.” Musangorasira izvi kure, madzimai aya, ndichipa izvi kwamuri, asi mune mungava pachezvenyu kuti mugare pasi mozvinzvera uye muzvione. Kana usiri...Kana uri mwana waMwari, chokwadi unozvipa kufunga kwakakura zvakadarwo.

¹⁷⁴ Shoko raShe raiuya kuvaporofita mumazuva ekare. Chikonzero vaivadana kuti “vaporofita,” nokuti vaiva nedudziro yaMwari yeShoko, nokuti ivo vakatumwa naMwari, uye zviratidzo nezvishamiso izvi zvaivatevera zvairatidza kuti vaiva vakadarwo. Mwari vakati muGwaro raVo, “Kana pane muporofita pakati penyau, uye kana akataura zvinhu uye zvisina kururama, uye zvorega kuitika, zvdarwo musamutye. Asi zvikasvika pakuzadziswa, zvdarwo imi munzwei, nokuti Ndinaye.” Uye shoko racho chairo rekuti *muporofita* rinoreva “mududziro weMweya weShoko raMwari.” Zviratidzo nezvishamiso zvinoita kuti Shoko rive rinoratidzwa chiratidzo chekuti rakauya. Zvino, tinotenda kuti chipo chekuporofita icho chinobatanidza mashoko pamwe chete zvakafanana.

¹⁷⁵ Zvino, hapana nguva yakareba yapfuura, uye zvichida murume mumwe chete iyeye anogona kuterera tepi ino rimwe zuva, kuti ini, apo—apo izvi zvakaitika. Vaiva Hama Scism veOneness. Zvino, imi—imi...vazhinji venyu imi vanhu munoterera kune izvi, munogona kuti, “Hama Branham muOneness.” Handisi. Ndinofunga kuti mese muri vaviri munokanganisa, mese Oneness neTiriniti. Kwete kuti ndive ndakasiyana, asi kuti panogara nguva dzose pari pakati pemugwagwa.

¹⁷⁶ Sezvakataurwa naIsaya, Isaya 35 yakati, “Pachava nemugwagwa mukuru.” Zvino imi hama dzechiNazarene, nevamwewo, munoti, “Mugwagwa mukuru wekare wehutsvene.” Ndine hurombo; haItaure kuti, “Mugwagwa mukuru wehutsvene.”

¹⁷⁷ Yakati, “Pachave nemugwagwa mukuru uye...” (*uye* chibatanidzo) “. . . uye nenzira, uye ichanzi, ‘Nzira yehutsvene.’” Kwete mugwagwa mukuru wehutsvene. Nzira iri pakati pemugwagwa. Kune divi rega-rega ndiko kunoenda zvinenge zvawira pasi. Ndiko kwamakaenda imi hama dzeOneness

kune rimwe divi, veTiriniti vakaendawo kune rimwe divi, asi Mharidzo yechokwadi inogara pakati penzira.

¹⁷⁸ Zvino, tarisai pano. Kana muchizonzwisisa zvino, ndiri kuisa zvinhu zvitatu pano. Zvino, ndiri kutora ichi kuti chive zvakataurwa naMateo, uye kuti ndikuratidzei kuti varume vaviri vose vakataura chinhu chimwe chete. Asi mumwe, vanhu veTiriniti, kuburikidza, ndinovenga kutaura izvi, uye handidi kuzvitura, asi handidi kuti “kuburikidza nekusziva,” sezvakataurwa neBhaibheri, asi ndinoreva, kuti, kuburikidza nekududzira zvisiri izvo, hamugone kuriita kuti rifambe zvakanaka, hama. Hamuzombofi makariita kuti rifambe zvakanaka. Hazvigone kusvika madzoka kuchizaruro, uye zvadaro Gwaro rose rinofamba zvakanaka.

¹⁷⁹ Zvino, tarisai pano, hanzvadzi dzangu, uye nemi hama muri—muri pano: Mateo akati, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Zvino, kana mukaenda kunotora *Emphatic Diaglott* redudziro yechiGiriki (dudziro yepakutanga yechiGiriki kubva kuVatican; zvakangoitikawo kuti ndine rimwe; hari—harichadhindhwi, ndinofunga), kana chero dudziro yechiGiriki, dudziro chaiyo kuna Mabasa 2:38: Petro akati, “Tendeukai mumwe nemumwe wenyu uye mubhabhatidzwe nemuZita raIshe Jesu Kristu.” Shanduro yaKing James yakangoti, “nemuZita raJesu Kristu”; asi mu*Emphatic Diaglott* rakati, “NemuZita raIshe Jesu Kristu.”

¹⁸⁰ Zvino, apo imi hama dzeOneness pamunongobhabhatidza nemuZita raJesu, panongova nevanaJesu vakawanda; asi panongova bedzi . . . Iye akaberekwa ari Kristu, Mwanakomana waMwari. Iye . . . Ndiro Zita raKe, ndizvo zvaAri. *Kristu* zvinoreva “muzodziwa,” Mesia, Kristu. Zvino, “Jesu,” mazuva masere akatevera Akapihwa Zita, “Jesu,” apo paAkadzingswa. Uye Iye ndiShe wedu. Saka Iye ndiShe wedu Jesu Kristu. Ndzivo zvaAri.

¹⁸¹ Zvino, ndoratidza, kuti muchaona kuti Petro aiva nechizaruro chandiri kuedza kukutaurirai, zvino tarisai pane mabhokisi aya—aya ari kurutivi urwu: Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Ndzivo zvakataurwa naMateo. Kwaperama mazuva gumi Petro akati, “Ishe Jesu Kristu.” Zvino, onai kana madunhurirwa matatu aya asiri mazita matatu, kana kuti—kana kuti, Zita rimwe chete remadunhurirwa matatu.

¹⁸² Zvino, tarisai. Mateo akati, “Baba.” Ndzivozvo here? I . . . Petro akati, “Ishe.” Zvino, Dhavhidhi akati, “Ishe vakati kuna Ishe waNgu.” Zvino, ivo vose vari vaviri vakataura chinhu chimwe chete ipapo, havana here? Zvakanaka, “Ishe wenyu . . . Ishe Mwari wenyu ndiMwari mumwe chete” ichokwadi.

¹⁸³ Zvakanaka, zvino, Petro akati, “NemuZita raShe,” uye Mateo akataura dunhurirwa kuna Ishe ivavo, raiva “Baba.” Ishe ndizvo zvaVari, zvose zvanaka.

Mateo akati, “Mwanakomana.” Mwanakomana ndiAni? “Jesu,” ndizvo zvakataurwa naPetro. Ndizvozvo here?

Zvakanaka, zvino, uye Mateo akati, “Mweya Mutsvene.” Petro ndokuti, “Kristu,” anova Mweya Mutsvene, Rogosi yakabuda kubva muna Mwari.

¹⁸⁴ Maona? Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, ndiIshe Jesu Kristu, chinhu chacho chose, ndizvozvo, Ishe Jesu Kristu. Saka ayo madunhurirwa uye haasi . . . Hezvoka izvo.

Zvino, ndinoshuva kuti dai tine yakareba, topinda mazviri, asi nguva yave kupera. Ngatikotamisei misoro, tingonamata kwekangvana?

¹⁸⁵ Baba vedu veKudenga, Munoziva kuti hatisi kuedza kutaura chimwe chinhu pano kuti tivhiringidze chero mumwe munhu. Mwari Baba, tiri kuedza kubvisa kuvhiringika kubva mupfungwa dzavo. Uye pasina kupokana asi kuti pachava, nehama dzeChikristu, vashumiri, vatendi veTiriniti vakanaka kwazvo, vakarurama vachanzwa izvi. Hanzvadzi dzedu dzinokwanisa kuiridza kune vafudzi vavo. Uye ndinonamata, Baba, kuti—kuti Musarega hama dzangu dzichifunga kuti ndiri kuedza kuita seuyo anoziva zvose kana chimwe chinhu. Asi, Ishe, ndinotenda kuti—kuti Munotipa chizaruro cheShoko.

¹⁸⁶ Uye ndaedza kuve se—sehama yeChikristu kwavari, handina kumbobvira ndakazvitaure pakati pevanhu; asi ndangoenda mberi, nokuti, Ishe, ndinotenda kuti vana veNyu. Asi vano—vanowana izvi zvinoita sekupesana muBhaibheri, uye vakaita nyaya yakakura kwazvo kubva pazviri. VeAssemblies havawadzane neveOneness; veOneness vaidanwa . . . izvo zvatava kuziva zvino, uye pano mumusangano uno, tichiwadzana nevamwe vehama idzodzo. Uye tinodaro mumusangano wega-wega.

¹⁸⁷ Asi, Ishe, tinoziva kuti ivo vose vana veNyu, asi vakaita nyaya yakakura vakazvibvisa uye ndokuzvikwachura. VeAssemblies havachinei nechokuita navo, uye ivo havachinei nechokuita neveAssemblies, uye neveChurches of God, nevamwe vakadaro. Uye imwe neimwe, mukuita izvozvo, Baba, ndinocherechedza kuti vakatara mitsara yemiganhu zvino vobva vazvisimudzira uye nokuva sangano. Zvino Makaitei nemasangano ose ari maviri? Makaasendeka pasherufu, uye ose ari maviri ari kufa, uye chaizvoizvo akafa.

¹⁸⁸ Itai kuti vanhu vane moyo yakatendeseka vaone, Ishe. Handigone kuzarura meso avo. Imi mega Ndimi munokwanisa kuzviita. Ndinounza chokwadi cheNyu kuburikidza nechizaruro chaJesu Kristu, icho chinotsungandiza mashoko pamwe chete, Shoko raMwari, uye choriita Shoko rechokwadi. Ndinonamata kuti varege kutadza kunzwisisa, asi kuti vaKudei nekuKushumirai mazuva ehupenyu hwavo hwese, uye vagofamba muChiedza. Zviitei, Ishe.

¹⁸⁹ Ndinonamatira madzimai aya. Uye ndinonamata kuti munhu wese anoona izvi, zvirege kuva ita kuti vavhiringike, asi kuti zvigovakonzera kuti vave vanonzwa nzara nenyota yezvimwezve zvizaruro zvaMwari zvakawanda. Zviitei, Baba.

Ndinoisa izvi kwaMuri zvino, uye Imi muite nazvo chero chipi chinooneka sechakanaka mumaoko eNyu. MuZita raJesu Kristu. Amen.



RUBHABHATIDZO RWEMUMVURA SHO61-0120
(The Water Baptism)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chishanu, 20 Ndira, 1961, paGolden Arrow Restaurant muBeaumont, Texas, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org